

**WUJUD, MAKNA LAN FUNGSI SAJRONE TRADHISI SADRANAN MASYARAKAT UGAL-AGIL ING DUSUN JURANG SEMPU, DESA DAYAKAN, KECAMATAN BADEGAN, KABUPATEN PONOROGO**

**FIRMAN ARYADHANI**

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH (JAWA)  
FAKULTAS BAHASA DAN SENI  
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA  
(isoekamti@yahoo.com)

**Abstrak**

Tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” salah sijine sadranan kang nduweni ciri khas. Ciri khas kasebut kawangan saka maneka warna aspek onja sajrone *etnografi* masyarakat Ugal-agil. Salah sijine yaiku *sistem* religi lan kahanan wilayah. *Sistem* religi kang diugemi masyarakat Ugal-agil awujud pamahaman kerohanian kang netepake, percaya, lan mangerteni Tuhan (sesembahan) tanpa gayutake marang agama, banjur pamahaman kasebut digayutake marang alam, saengga mujudake faham *dynamisme*. Sadranan iki uga dadi sarana ngibadah, tegese minangka kagiyatan batiniyah kang nuduhake sawijine wujud *ungkapan* sakral saka rasa pangarasa manungsa kang ditujukake marang Tuhan (sesembahan) kanthi wujud kagiyatan wujud nyata lan wujud batin. Kapitayan kasebut nduweni gayutan kalawan kahanan wilayah. Kahanan wilayah Ugal-agil ana ing papan panggonan kang *terpencil*, ateges daya pangribawa apa wae saka njaba angel mangribawani masyarakat Ugal-agil. Perkara kasebut kang narik kawigaten panliten anggone nlti lan ngnalisisi tradisi sadranan kasebut.

Underane panliten sajrone panliten iki yaiku: (1) Kepriye mula bukane tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”? (2) Kepriye wujud tata lakune tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”? (3) Apa wae ubarampe kang digunakake lan makna filosofis kang kinandhut sajrone tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”? (4) Kepriye fungsi tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” tumrap masyarakat Ugal-agil ing desa Dayakan, Kecamatan Badegan, Kabupaten Ponorogo?

Paedah panliten iki kaperang dadi telu, yaiku : (1) Kanggo panliti, diajab Panliten iki bisa nambah ilmu, kawruh lan wawasan, lan menehi pangalaman ngenani kesenian kabudayan Jawa, mligine tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”. (2) Kanggo masyarakat, diajab panliten iki bisa menehi pangalaman lan kawruh ngenani tata gelar lan mangerteni kepriye wujud gegambaran tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” saengga bisa melu nguri-nguri tradisi tradisional kasebut. (3) Kanggo generasi mudha, panliten iki dikarepane bisa menehi tambahaning wawasan kanggo para generasi mudha supaya gelem nguri-uri lan nglestarekake tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”.

Panliten ngenani tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” iki nggunakake sawenehing teori kang bisa didadekake minangka lelandhesan kanggo mecahake masalah. Panliten tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” nggunakake maneka werna teori gegayutan karo undere panliten. Sing kapisan nggunakake teori simbol semiotik kang diandharake Peirce. Teori kasebut digunakake kanggo nintingi makna simbolik sajrone tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”. Sing kapindo fungsi folklor Bascom lan fungsi foklor Dundes kang duggunakake kanggo mangerteni fungsi tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”. Sajrone panliten iki ora kabeh fungsi foklor kang diandharake Bascom lan Dundes kang digunakake nanging saperangan kang cunduk kalawan objek.

Panliten tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” nggunakake metode panliten *kualitatif diskriptif*. Teknik pangumpulan data kang digunakake yaiku teknik *observasi*, wawancara, lan *dokumentasi*. Tata cara panliten yaiku nyepakake apa sing diperlokake anggone panliten, nglakoni panliten, lan laporan hasil anggone panliten.

Hasil saka panliten iki nudhuake : 1) Tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” yaiku salah sijine upacara ritual kang dianakake dening masyarakat Ugal-agil kanthi tujuwan pangurmatan marang sesembahan (Tuhan). Mula bukane tradisi kawiwitan saka saklompok uwong kang urip kanthi cara pindah-pindah panggonan (*nomaden*) kang nggunakake sadranan minangka wujud pangurmatan marang sesembahan (alam lan para leluhur). Tahun 1960 saklompok wong iki banjur manggon ing papan kang aran Ugal-agil ngantri saprene lan ngugemi tradisi sadranan ngantri saprene. Miturut jinis tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kaperang dadi loro yaiku : Sadranan asipat khajat umum lan sadranan asipat khajat pribadhi. Sakarone jinis tradisi sadranan saejatiné padha, mung saperangan bab kang dadi pambeda yaiku : Ubarampe cok bakal, lan dina tradisi sadranan dianakake. Tata rakite tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kaperang dadi : nyapakake piranti lan ubarampe, nyepakake sesajen ritual, resik-resik, lan prosesi ritual nyadran. Ubarampe kang digunakake ing tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kaperang dadi telu : Ubarampe cok bakal kayata : endhog jawa cache siji, rokok klobot, miri, lombok cacahe limang iji, bawang brambang, jeruk pecel separo, godhong suruh, lan kemenyan Ubarampe sajen asipat tetep kayata : kalasa, kembang suruh, rokok klobot/rokok ulung, kendhi, kemenyan, lan endhog. Ubarampe sesajen ritual kayata : ingkung, endhog, srondeng, kopi pait, sego golong, sega gurih, ketan tawa, lan gedhang raja. Prosesi ritual nyadran diperang dadi : pambuka, sidikara, srabat, ngujupake panjaluk, lan panutup. 2) Tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” nduweni makna minangka salah sijine pangurmatan masyarakat Ugal-agil marang sesembahan (alam lan leluhur) kang diwujudake kanthi tata cara ritual.

Kantri nganakake tradhisi sadranan masyarakat Ugal-agil nduweni pangajab diwenehe kaslametan, lan berkah sarta diadohake saka sakabehe bab kang ora becik tumrap panguripane. 3) Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” nduweni rong fungsi kang trep kalawan fungsi foklor saka pamawase Bascom lan Dundes yaiku : minangka sistem proyeksi, yaiku minangka sarana kaca benggalaning angen-angen, lan sarana pendhidhikan

asil cipta rasa manungsa kayadene kayakinan, kawruh, adat istiadat, lan sapanunggalane (Koentjaraningrat, 1987:9).

## PURWAKA

Saben bangsa nduweni salah sawijining *identitas* kang nuduhake ciri khas,yaiku kabuadayan. Minangka bangsa kang kadadean saka ewonan pulo, bisa diwastani yen bangsa Indonesia duweni maneka warna suku bangsa. Saka maneka warnane suku bangsa lan masyarakat mula kabudayan kang diuduwi saben suku bangsa uga duweni prabedan.

Masyarakat minangka saklompok manungsa kang urip ing panggonan tartamtu, lan duweni *identitas* kang padha. Miturut Koentjaraningrat (1990:146-147) yen masyarakat yaiku tumunggale manungsa kang ngugemi sawijining sistem adat-istiadat tartamtu kang asipat *kontiyu* lan kaike marang sawijining rasa *identitas* kang padha.

Kabudayan kasebut diperang ing antarane kabudayan dhaerah, kabudayan lokal, lan kabudayan nasional. Kabudayan nasional yaiku kabudayan kang kadadean saka proses alkuturasi saka kabudayan-kabudayan dhaerah kang ana ing Indonesia. Kabudayan dhaerah yaiku kabudayan kang diduweni dhaerah tartamtu, duweni ciri khusus kang kabentuk saka unsur-unsur tartamtu kang diduweni ing dhaerah kasebut, kayata basa, adat-istiadat, agama lan sapanunggalane. Saben dhaerah kang dipanggoni saklompok *etnik* tartamtu, salasijining saiku *etnik* Jawa. Saben dhaerah utawa *etnik* nduweni saperangan wilyah kang nduweni kabudayan kang maneka warna, yaiku kang kasebut kabudayan lokal. Kayata kabudayan Jawa, kang kadadean saka kabudayan dhaerah-dhaerah kang ana ing pulo Jawa, mligine ana ing Jawa Tengah lan Jawa Timur (Koentjaraningrat, 2002:329)

Budaya utawa kabudayan kadadeyan saka basa Sanskerta, yaiku ‘*buddhayah*’ lan minangka wujud jamak saka ‘*buddhi*’ (budi utawa akal), kang ditegesi minangka bab-bab kang nduweni gegayutan karo budi lan akale manungsa. Yen katitik saka basa Inggris, budaya disebut ‘*culture*’, yaiku ngolah utawa nglakoni. Kabudayan utawa kultur yaiku sakabehing pamikiran lan piranti kang digawe utawa diciptakake manungsa sajrone ngrembakane sejarah (Ramdani, 2008:95).

Steward (sajrone Ramdani, 2008:100) ngandharake menawa kabudayan minangka gagasan kang nggambaraké pepinginan, norma-norma, tumindake masyarakat kang paling prasaja nganti tumuju masyarakat kang kompleks. Tegese minangka kekarepan kang mujudake lelakon lan pamikire manungsa kang uga ana seni ing sajrone. Mula saka iku, pangerten babagan seni lan kabudayan iku olah saka

Unsur kabudayan kang nduweni pangaribawa sajrone masyarakat, yaiku 1) sistem religi, 2) sistem lan organisasi masyarakat, 3) sistem pengetahuan, 4) basa, 5) kesenian, 6) sistem pangupajiwa, lan 7) sistem teknologi lan peralatan (Koentjaraningrat, 1987:2). Kapitune diarani unsur kabudayan universal, yaiku ana ing sajrone kabudayan ngendi wae.

Akeh tradhisi lan upacara adat kang wis ditindakake dening masyarakat Jawa. Kabudayan-kabudayan kasebut wis urip ngrembaka ing madyaning bebrayan masyarakat Jawa wiwit jaman *animisme* lan *dynamisme*, nganti agama Islam mlebu ing pulo Jawa. Mula, akeh bab lan *unsur* kang ndadekake kabudayan Jawa luwih jangkep tur kebak nile panguripan tinimbang kabudayan liyane.

Jaman saiki pranyata kabudayan Jawa wis kaprabawan dening budaya manca. Akehpara nom-noman kang padha keblinger, wis padha ninggalake kabudayane. Pamawaseyen budaya manca luwih gumathuk yen digunakake ing urip bebrayan, kamangka budaya iku awujud *identitas* kang nuduhake ciri masyarakat Jawa, dadi minangka masyarakat Jawa kudu tansah ngugemi uga nguri-uri kabudayane dhewe. Pamikire wong Jawa kang kaya mangkono sejatine bakal bisa musprakake kabudayane dhewe. Akeh wong tuwa lali jawane, banjur wong enom ilang jawane, dene wong tuwa seneng njawani, lan wong enom ora njawani.

Ing jaman kang wis moderen iki, prnyata ana sawijining kelompok masyarakat kang isih ngugemi kapitayan *dynamisme* yaiku faham utawa percaya marang barang/benda kang dianggep nduweni kekuatan gaib lan uga dianggep suci, bias uga diwastani kapitayan-kebatinan. Kapitayan-kebatinan minangka sistem pamahaman keTuhanan kang lelandhesan rasa percaya kanthi migunakake batiniyah. Sumber saka ajaran kasebut bisa saka ngendi wae Suryono (2008:27). El Hafidy (Sajrone Suryono, 2008:27) ngandharake kapitayan-kabatinan minangka sistem pamahaman kerohanian kang netepake, percaya, lan ngkhayati sesembahan (Tuhan) tanpa gayutake marang agama.

Saklompok kang isih ngugemi kapitayan-kebatinan yaiku masyarakat kang nyebut kelompok masyarakat Ugal-agil kang ana ing Dusun Jurang Sempu Desa Dayakan Kecamatan Badegan Ponorogo. Panggonan kang *terisolir*, ateges adoh saka masyarakat liyane lan adoh saka *moderenisasi* jaman kang dadi mula bukane kahanan ksebut. Kelompok masyarakat Ugal-agil isih nyembah panggonan kang kaanggep wingit lan kaanggep dadi pepundene. Bebrayan masyarakat Ugal-agil isih nengenake *konsep*

masyarakat jawa kang isih nduweni pamikiran kang sederhana ing sakabehing bab kang gayutan karo panguripan sabebdinan.

Sadranan minangka salah sawijining wujud tradisi kang asipat *religius* kang digunakake masyarakat Ugal-agil kanggo mujudake rasa pamgurmatan marang pepundene, wujud syukur marang alam, lan minngka sarana njaluk pitulungan yen kena pageblug. Sajrone sadranan iki nduweni ciri khas awit saka tata cara nganti ubarampe kang bedha karo tradisi sadranan sakumume kang ana ing bebrayan jawa.

Kahanan kaya mangkono iku bisa kang ndadekake masyarakat utamane generasi mudha lali karo budaya-budaya kang samesthine isih kudu diuri-uri, yaiku budaya tradhisional kaya tradisi sadranan. Mula saka iki, kango nguri-uri lan nglestarekake tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” supaya ora kalindhes budaya manca, panulis nindakake panliten kanthi irah-irahan “Sadranan Masyarakat Ugal-agiling Dusun Jurang Sempu Desa Dayakan, Kecamatan Badegan, Kabupaten Ponorogo”..

### Lelandhesan Teori

Lelandhesan teori iki isine ngenani teori kang bisa didadekake minangka lelandhesan kanggo mecahake masalah. Panliten tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” nggunakake maneka werna teori gegayutan karo undere panliten.

Sing kapisan nggunakake teori simbol semiotik kang diandharake Peirce. Teori kasebut digunakake kanggo nintingi makna tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”. Peirce ing sajrone Luxemburg(1992: 44-46) ngandharake yen simbol kuwi mujudake sawijining tandha kango wis ditemtokake dening paugeran umum (*konvensi*) kang ora saben wong ngerten maknane. Ana telung faktor kango nemtokake anane tandha, yaiku: 1) tandha kuwi dhewe, 2) bab kango ditandhai, lan 3) sawijining tandha anyar kango kedaden ing sajrone penampa. Ing sajrone *semiotik*, makna ora mung ditemtokake ing lambang basa, nanging uga kapacak ing tandha liya kaya dene rambu *lalu lintas*, sandhang panganggo, werna, lan liya-liyane (Maryaeni, 2005: 50). Sakabehe kuwi dijalari amarga ing sajrone batin saben tandha kanthi cetha bisa nggamburake 1) urutan gegayutan, 2) sawijining makna utawa teges tartamtu, lan 3) sistem kaidah tartamtu. Mula bisa didudut yen papan wujuding *semiotik* kuwi amba, amarga samubarang bab kuwi nggunakake simbol lan tandha.

Sing kapindo Fungsi folklor Bascom (sajrone Danandjaja, 1984:19) ngandharake, fungsi folklor ana papat, yaiku: 1) sistem proyeksi, 2) piranti pengesahan pranata-pranata lan lembaga kabudayan, 3) kango pendhidhikan, lan 4) pameksa lan pengawas supaya norma-norma masyarakat bisa ditaati kanthi kolektif.

Dundes (sajrone Sudikan, 2001:100) ngandharake, fungsi foklor kaperang ana lima, yaiku: 1)

kanggo rasa solidaritas kolektif, 2) menehi salah awijining bab kango dibenerake dening masyarakat, 3) menehi cara kango dibenerake dening masyarakat supaya bisa ngandani wong liya, 4) minangka alat kango mrotes adil lan ora ing sajrone masyarakat, lan 5) menehi cara kango ngesemake saka donya.

### METODE PANLITEN

#### Ancangan Panliten

Pamilihing metode sing trep kango panliten iku wigati banget. Amarga kanthi metode sing trep bisa ngasilake sawijining panliten kang bisa dipertanggungjawabake. Saliyane iku, metode sing trep uga bisa ndadekake gampang lan lancare panliti anggone nglakoni panliten.

Pendekatan sing digunakake ing panliten tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” ing desa Dayakan yaiku Bodgan lan Taylor kaya sing *dikutip* Moleong (2002:3) nduweni panemu yen ta panliten kualitatif yaiku minangka *prosedur* panliten sing ngasilake *data deskriptif* arupa tetembungan tinulis utawa lisan saka pawongan lan polah tingkah sing bisa dideleg. Deskriptif yaiku panggambaran utawa pamaparan kanthi tetembungan sing jelas lan rinci.

Saka andharan ing dhuwur bisa didudut yen panliten ngenani tradhisi wiwit sajrone tetanen iki ditelaah kanthi migunakake metode panliten *kualitatif deskriptif*, amarga ing panliten iki maparake kabeh tetembungan utawa *informasi* ngenaniadicara tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” sing bisa digoleki saka *informan* utawa sumbere

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

Ing bab iki bakal diandharake asile panliten kanthi konsep foklor kango dadi dasare paneliten yaiku ngrembug sejarah, wujud, makna, lan fungsi tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” ing desa Dayakan. Foklor yaiku bagian kabudayan kango asipat tradhisional, ora resmi, lan nasional. Foklor uga ngandhut sakabeh pangulawentah, nilai, tumindak, lan kapercayan kango kasebar sacara tradhisional saka kabiasaan masyarakat.

Panliten tradhisi *Sadranan Masyarakat Ugal-agil* kalebu folklore sabagyan lesan. Folklore sabagean lesan awujud kayata kapercayan, dolanan rakyat, tari rakyat, adat istiadat, lan sapanunggalane. Tradhisi *Sadranan Masyarakat Ugal-agil* uga ngandhur kapercayane masyarakat, dolanan kango masyarakat, lan ngemu adat istiadat.

Sadurunge ngrembug bab kasebut, bakal dijentrehake gegambaran *etnografi* desa Dayakan, mligine masyarakat Ugal-agil supaya luwih bisa cetha

mangerten i kahanan masyarakat panyengkuyunge tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”. Andharane kaya ing ngisor iki.

### Gambaran Masyarakat Ugal-agil

Masyarakat Ugal-agil kalebu ing Dusun Jurang Sempu, Desa Dayakan Kecamatan Badegan Kabupaten ponorogo. Kahanan desa Dayakan kagolong desa kang makmur, masyarakatte ayem tentrem kaya desa-desa sakumume, nanging kala ketiga saperangan wilayah saka desa iki angel banyu, amarga saperangan wilayah sisih kidul ana ing gunung.

Desa iki kira-kira 335 meter saka sandhuwure banyu segara, jembare 927.140 Ha, kang kaperang saka :

**Tabel 4.1 Jinis Lemah Desa Dayakan**

Jinise Lemah	Jembar/ Ha
<b>1. Lemah Sawah</b>	
Irigasi Teknis	56.892
Sawah Tadah Udan	351.287
<b>2. Lemah Kering</b>	
Lemah Pemukiman	55.808
Lemah Pekarangan	463.153
<b>Total</b>	<b>927.140</b>

*Sumber data kelurahan desa Dayakan taun 2012*

Jarake saka Kecamatan Badegan 6 km, utawa 10 menitan, lan yen saka kutha Ponorogo jarake watara 24 km. Wilayah pamerentahan desa Dayakan kaperang saka Dukuh Jurang Sempu, Dukuh Sekar Putih, Dukuh Kliyur, lan Dukuh Watu Agung.

Desa Dayakan nduweni tapel wates kang gampang kanggo nemtokake wilayahé kang kalebu desa iki, yaiku sisih lor wewatesan karo Desa Karangan Kecamatan Badegan Kabupaten Ponorogo, sisih Kulon wewatesan karo Desa Lemah Abang Kecamatan Kismantoro Kabupaten Wonogiri sisih kidul wewatesan karo Desa Watu Patok Kec. Bandar Kabupaten Pacitan, lan sisih wetan wewatesan karo Alas Perhutani Kecamatan Jambon Kabupaten Ponorogo

Masyarakat Ugal-agil kang kalebu ing dusun Jurang Sempu yaiku ana ing perangan kidule desa

Dayakan kahanane bedha dhewe saka perangan desa Dayakan liyane. Kahanane dalam desa dayakan tumuju wilayah Ugal-agil angel, amarga mung dalam setapak tur ana ing lereng gunung lan mepet karo jurang. Saka kantor desa tumuju wilayah Ugal-agli jarake watara 4 Km. Panggonan kang adoh saka masyarakat liyane, ndadekake wilayah ugal-agil terpencil lan terisolasi, uga ndadekake masyarakat Ugal-agil dadi saperangan kelompok masyarakat kang bisa diarani masyarakat kuna/tradhisional.

Supaya bisa luwih mangerten i kahanane masyarakat desa Dayakan, mula kajlentrehake bab kahanan alam, pendhudhuk, sistim pangupajiwa, pendhidhikan, kahanan ekonomi lan sarana, sarta agama utawa sistim religi kang diugem. Andharane kaya ing ngisor iki.

### Kahanan Alam

Desa Dayakan wilayahé kalebu ing lereng gunung. Masyarakat Ugal-agil kalebu ing wilayah sisih kidul desa Dayakan, mligine ing lereng-lereng gunung bageyan nduwur. Saka kantor desa Dayakan menyang wilyah Ugal-agil ing dusun Jurang Sempu ora bisa yen nganggo kendharan, amrga dalam tumuju Ugal-agil mung dalam setapak kang mungah mudun gunung uga mepet karo ereng-ereng gunung lan jurang. Jarak antaraning kantor desa Dayakan tumuju Ugal-agil ora cedhak, watara 4 km utawa perjalanan mlaku kira-kira 2 jam. Kaendahan alam kang disugokake ing sakiwa tengene dalam tumuju Ugal-agil bisa dadi tamba kesele mlaku. Ereng-ereng gunung kang awujud kaya dene aksara V nuduhake kaendahan alam papan sakngisore Ugal-agil. Yen wayah wengi kelap-kelipe lampu kutha Ponorogo kang kaya lintang bisa kadheleng.

Ing wilayah Ugal-agil nduweni jinis lemah ireng subur, lan nduweni sawah jinis sawah tadauh udan. Tetuwuhan kang biasa ditanduri para pendhuduk yaiku pari lan bangsane palawija, kayata jagung, telo, dele, lan tela. Naging ora saben papan sakiwa tengene Ugal-agil kabeh bisa ditanduri pari, ing wilayah bagiyán nduwur utawa sisih kidul mung bangsane palawija kang bisa tinandur, marga ing wilayah iki angel banyu. Wilayah Ugal-agil kabeh masyarakatte makarya dadi petani kang kagolong petani tradhisional/kuna. Ateges nduweni cara anggone ngolah tetanduran kang sederhana. Petani ing Ugal-agil isih golek-golek lemah kang subur nalika arep tetandhuran, tanpa nduwe pinemu piye cara-carane ngolah lemah supaya subur kayadene gawe rabuk kimia.

### Kahanan Pendhudhuk

Adhedhasar data administrasi Pemerintahan Desa taun 2012, cacuhe pendhudhuk Desa Dayakan yaiku ana 1.063 KK. Cacuhe kabeh ana 3.930 wong, kang kaperang dumadi saka warga priya ana 1.972 lan warga wanita 1.958 wong. Mligine ing Ugal-agil cacuh pendhudhuke ana 19 KK, kang jumlahé kabeh ana 62

wong kaperang dadi 29 priya lan 33 wanita. Jangkepe kaya tabel 4.2 lan 4.3

<b>Total</b>	<b>33</b>	<b>29</b>	<b>62</b>	<b>100 %</b>
--------------	-----------	-----------	-----------	--------------

**Table 4.2 Cacah Pendhudhuk Desa Dayakan**

N o.	Umur (taun)	Priy a	Wanit a	Cacah(won g)	Prosenta se
1.	0 – 12 (sasi)	24	33	57	1,8 %
2.	1 – 5	78	55	133	2,9 %
3.	5 – 7	87	89	179	3,7 %
4.	7 – 15	201	178	1834	13 %
5.	15 – 56	1030	1023	10296	73 %
6.	> 56	552	580	767	5,6 %
<b>Total</b>		<b>1.97 2</b>	<b>1.958</b>	<b>3.930</b>	<b>100 %</b>

*Sumber data kelurahan desa Dayakan taun 2012*

Tabel kasebut nuduhake yen pendhudhuk Desa Dayakan kagolong pendhudhuk kang rata. Antarane priya lan wanita imbang. Tabel 4.3 nuduhake cacah pendhudhuk Uga-agil. Ing tabel iku bisa didelok yen umur produktif masyarakat Ugal-agil kagolong akeh. Amrga saka tabel iku nuduh ake yen umur produktif 15-56 taun 69,8% saka sakabehe jumlah pendhudhuk.

#### **Sistim Pangupajiwa Pendhudhuk**

Adedasar arsip data desa Dayakan taun 2012 nduweni sistim pangupajiwa kang manekawarna. pakaryan kang akeh ditindakake yaiku pakaryan tani kang cacahe ana 1.936 wong lan sabageyan wong nduweni pakaryan minangka buruh tani. Pendhudhuk kang dadi PNS/ TNI/ Guru amung cacahe ana 10 wong.

Lemah pertanian sing amba ndadékake masyarakat desa Dayakan padha nindakaake pakaryan pertanian lan buruh tani. Semana uga masyarakat Ugal-agil, minangka masyarakat kang urip ing ereng-ereng gunung ugu kabeh pendhudhuke makarya dadi petani. Supaya luwih cetha anggone mangertenii sistim pangupajiwanee masyarakat Desa Dayakan bisa dideleng tabel 4.4 lan 4.5

**Table 4.3 Cacah Pendhudhuk Desa Dayakan (Masyarakat Ugal-agil)**

No . .	Umu (taun )	Priy a	Wanit a	Cacah(won g)	Prosenta se
1.	0 – 12 (sasi)	2	-	2	2,9 %
2.	1 – 5	4	3	7	5,6 %
3.	5 – 7	2	5	7	5,6 %
4.	7 – 15	6	3	9	13 %
5.	15 – 56	17	15	32	69,8 %
6.	> 56	2	3	5	3,7 %

**Tabel 4.4 Pangupajiwa Desa Dayakan**

No.	Jinise pakaryan	Cacah	Presentase
1.	Pertanian	1.936	49.2 %
3.	PNS/ TNI/ Guru	10	0.25 %
4.	Perdagangan	30	0.76 %
5.	Pensiunan	3	0.07 %
6.	Industri perumahan	13	0.33 %
7.	Buruh Tani	755	19.2 %
8.	Jasa	791	20.1 %
9.	Swasta	365	9.2 %
10.	Buruh	27	0.6
<b>Jumlah</b>		<b>3930</b>	<b>100%</b>

*Sumber: data kelurahan desa Dayakan taun 2012*

**Tabel 4.5 Pangupajiwa Desa Dayakan (Masyarakat Ugal-agil)**

No.	Jinise pakaryan	Cacah	Presentase
1.	Pertanian	37	100%
3.	PNS/ TNI/ Guru	-	-
4.	Perdagangan	-	-
5.	Pensiunan	-	-
6.	Industri perumahan	-	-
7.	Buruh Tani	-	-
8.	Jasa	-	-
9.	Swasta	-	-
10.	Buruh	-	-
<b>Jumlah</b>		<b>37</b>	<b>100%</b>

*Sumber: data kelurahan desa Dayakan taun 2012*

Saka tabel ing ndhuwur bisa dideleng menawa pangupajiwane masyarakat desa Dayakan akeh-akeh ngenami pertanian.Bab iki cundhuk kalawan kahanan geografise desa Dayakankang duweni lemah sawah amba. Saliyane iku, ana wadhadh saperangan pangupajiwa kang cacahé mung sethithik kayata, pegawai negeri, swasta, jasa perdagangan, lan buruh.

#### **Pendhidhikan**

Pendhidhikan mujudake salah sijine cara kanggo bisa mujudake Sumber Daya Manusia (SDM) kang nduweni mutu sing apik *kompetitif*, saengga bisa diajab mujudake perekonomian kang luwih maju. SDM mau nduweni pola pikir kang diugemi dening masyarakat bisa ngrembakake katrampile masyarakat lan nuwuhaake pangupajiwa anyar, saengga bisa menehi bantuwan upaya ngurangi para pangangguran lan rakyat kang mlarat. Saya ndhuwur tingkat pendhidhikane sawijining wong, mula saya gampang anggone nampa pangaribawa saka njaba babagan IPTEKS. Sewalike, saya mundhun tingkat pendhidhikan sawijining wong mula saya angel nampa pangaribawa saka njaba.

Miturut sumber data desa Dyakan taun 2012 nuduhake yen masyarakat Ugal-agil nganti seprene amung saperangan uwong kang ngemu donyane pendhidhikan. Kahanan kaya mangkana iku disebabake amarga kahanan geografis Ugal-agil kang *terisolir* lan rasa minat kang diduweni masyarakat Ugal-agil supaya luwih maju lan duweni mutu isih kurang. Para pendhudhuk Ugal-agil isih ngugemi bab-bab kang asipat tradisional, lan kuna. Masyarakat Ugal-agil nduweni pemikiran kang sederhana, sing penting isa mangan, guyup rukun kalawan tangga teparo, lan selaras kalawan alame iku wis cukup.

Supaya luwih cetha mangerteni tingakat pendidikan masyarakat Ugal-agil kang ana ing dasa Dayakan bisa dideleng tabel ngisor iki.

**Tabel 4.6 Tingkat Pendhidhikan Masyarakat Desa Dayakan**

No.	Katrangan	Cacahe
1.	Tributa aksara	1.636
2.	Ora tamat SD	514
4.	Tamat sekolah SD	1.349
5.	Tamat sekolah SMP	319
6.	Tamat sekolah SMA	104
7.	Tamat sarjana	8
<b>Jumlah</b>		<b>3930</b>

*Sumber: data kelurahan desa Dayakan taun 2012*

**Tabel 4.7 Tingkat Pendhidhikan Masyarakat Dayakan (Masyarakat Ugal agil)**

No.	Katrangan	Cacahe
1.	Tributa aksara	53
2.	Sekolah SD	9
3.	Ora tamat SD	-
4.	Tamat sekolah SD	-
5.	Tamat sekolah SMP	-

6.	Tamat sekolah SMA	-
7.	Tamat sarjana	-
	<b>Jumlah</b>	<b>62</b>

*Sumber: data kelurahan desa Dayakan taun 2012*

Saka data ing nduwur kahanan pendhidhikain ing desa Dayakan ngenes banget. Mayoritas masyarakat desa Dayakan buta aksara yaiku ana 1.636 uwong. Ora tamat SD 514 uwong, lan sing amung tamat SD 1.349 uwong. Masyarakat Ugal-agil kalebu ing kahan kang nuduhake yen tingkat pendhidhikene mrihatinake, yaiku mayoritas buta aksara kabeh, amung saperangan uwong sing saprene isih disekolahke amung gara-gara perintah saka pemrintah.

### Kahanan Ekonomi lan Sarana Masyarakat

Masyarakat Ugal-agil dumadi saka 20 KK (Kepala Keluarga). Kahan ekonomi kang bisa dideleng saka kasejahteraan masyarakat, asile watara Rp.10.000 – 15.000 seben dinane. Hasil sakmana ing masyarakat Ugal-agil wis kagolong cukup. Malah ana saperangan uwong kang ora pati mbutuhake dhuwit, amarga wis kacukupan saka asil alam. Omah pendhudhuk Ugal-agil kagolong sederhana, ora ana omah kang nduwени tembok, amung bethek.

Kahanan masyarakat Ugal-agil uga dadi bab kang mrihatinake. Dalan saka kantor desa Dayakan amung dalan setapak kang ana ing ereng-ereng gunung. Listrik saka desa Patok kecamatan Bandar kabupaten Pacitan, kahanan alam ora nyengkuyung anane listrik saka pamerintah kabupaten Ponorogo. Prabot elektronik kayata TV, radio uga ora ana sing nduwe, amung kareketane antarane masyarakat Ugal-agil kang dadi hiburan kang wigati.

### Agama lan Sistim Religi

Nduweni kapitayan lan nganut salah sijine agama mujudake hak kang diwuweni saben manungsa kang urip ing alam donya. Saben manungsa nduwensi pilian nemtokake agama utawa kapitayan kang dianut..

Masyarakat desa Dayakan mayoritas nganut agama Islam lan saperangan uwong nagnut agama Kristen. Masyarakat Ugal-agil nduwensi kapitayan bedha yaiku kapitayan kang biasa diwastani kapitayan-kebatinan. Nyembah marang papan panggonan kang kaanggep wingit utawa nduwensi paham *dynamisme* tansah isih diugemi nganti saprene. Kapitayan kang diugemi masyarakat Ugal-agil kagolong mistisisme. Mistisisme diwastani *sistem* pamahaman kang menehi pasinaon ngenani cara lan carane mangerten lan ngraketake kang asipat gegayutan marang Tuhan kanthi

cara langsung ananging nduwensi lelandhesan agama, kayata aliran Islam Kejawen, Islam tasawuf, kristen kejawen lan sapanunggalane.

Kapitayan-kebatinan minangka *sistem* pamahaman keTuhanan kang lelandhesan rasa percaya kanthi migunakake batiniyah. Sumber saka ajaran kasebut bisa saka ngendi wae. Kapitayan-kabatinan minangka *sistem* pamahaman kerohanian kang netepake, percaya, lan ngkhayati Tuhan tanpa gayutake marang agama Kahanan papan panggonan masyarakat ugal-agil kang isih *terisolasi* lan pola pikir masyarakat Ugal-agil kang sederhana iku kang dadi faktor panyebabe.

Saben jemuuh wage, para masyarakat Ugal-agil padha mlumpuk saperlu nganakae sadranan. Sadranan iku wujud rasa pangurmatan marang Gusti kang murbeing dumadi kang paring berkah lan kaslametan marang pendhudhuk Ugal-agil. Sakliyane saben jemuuh wage tradhisi sadranan iki dianakae nalikane wulan sura, mligine ing tanggal 1 sura, lan nalikane masyarakat Ugal-agil lagi ketiban musibah, kang bisa awujud wabah penyakit, pagebluk, lan liya-liyane.

### Gegayutan Kahanan Desa Dayakan kalawan Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” minangka warisan saka para leluhur biyen isih diuri-uri dening masyarakat panyengkuyunge. Anane gegayutan antarane tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kalawan kahanan masyarakat bisa dideleng saka system pangupajiwa, pendhidhikan, lan agama kang diugemi masyarakat. Andharan luwih cetha diandharake ing bab sabanjure.

### Gegayutan Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kalawan Pangupajiwa Masyarakat

Pangupajiwa kang paling akeh diugemi masyarakat desa Dayakan yaiku ngenani pertanian, kurang luwih meh separe utawa 49,2%. Masyarakat Ugal-agil uga kalebu masyarakat kang nduwensi sistem pangupajiwa pertanian.

Bab iku bisa dideleng ing tabel 4.4 ngenani pangupajiwa miturut sumber data arsip desa Dayakan taun 2012. Dideleng saka kahanan iku, nggambareke yen mayoritas masyarakat Ugal-agil isih nduwensi pola pikir kang tradhisional, tegese kurang nduwensi rasa supaya luwih maju uripe kanthi nggolek pakaryan liya kang asipat luwih nguntungake. Bab kaya mangkono iku uga bisa nggambareke yen masyarakat Ugal-agil nduwensi sesambungan rakaet kalawan bab kang asipat mistis. Sebab pakaryan kang nduwensi gegayutan kalawan alam, mesti ora adoh saka bab mistis, kang nduwensi tujuwan kanggo ngucap sukur marang alam.

Rasa syukur masyarakat Ugal-agil tumrap alame iku diwujudake kanthi cara nyadran kang asipat khusus. Tegese nyadran kang dilakoni minangka ana khajat

pribadhi. Nyadran utawa sadranan pribadhi dilakoni nalikane arep wiwitan tandur lan panenan. Sakliyane iku sadranan iki, uga dilakoni nalikane taneman kang ditandur ketiban panyakit lan pageblug.

#### Gegayutan Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kalawan Pendhidhikan Masyarakat

Pendhidikan msyarakat Ugal-agil kagolong mrihatinake, saka 62 wong mung 9 wong sing nganti saprene isih nglakoni sekolah SD. Bab iku bisa dideleng ing tabel 4.6 saka sumber arsip desa Dayakan taun 2012.

Titikane pola pikir lan kapinteran manungsa yaiku saka tingkat pendhidhikan. Saya dhuwur tingkat pendhidhikan manungsa saya dhuwur tingkat pola pikirelan uga bisa berkembang, saengga gampang anggone nampa daya pangaribawa kang asipat ngelmu kawurahan.

Pola pikir masyarakat Ugal-agil kagolong isih tradhisional ndadekae tradhisi saka leluhur tetep diur-uri lan diugemi senajan wis titi wancine kalindhes jaman. Ngantri saprene salametan mligine sadranan isih kajaga apik lan tetep lestari.

#### Gegayutan Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kalawan Agama/Kapitayan Masyarakat

Desa Dayakan agama Islam kang mayoritas diugemi dening masyarakat, nanging ora kabeh masyarakat kang ngugemi Islam kanthi syareat, saperangan isih tumindhak ora cunduk kalawan pranatan Islam. Masyarakat Dayakan ora kabeh ngugemi agama Islam uga nduwensi tumidak kang cundhuk kalawan pranatan agama Islam. Sabagian masyarakat ing kene isih ngugemi lan nindakake tradhisi kang dadi warisan leluhur biyen, bisa uga nganut aliran mistisme Islam utawa Islam kejawen.

Mistisisme diwastani *sistem* pamahaman kang menehi pasinaon ngenani cara lan carane mangertenan lan ngraketake kang asipat gegayutan marang Tuhan kanthi cara langsung ananging nduwensi lelandhesan agama, kayata aliran Islam Kejawen, Islam tasawuf, kristen kejawen lan sapanunggalane.

Sakliyane Islam kejawen desa Dayakan mligine masyarakat Ugal-agil nduwensi kapitayan kang diugemi masyarakat iku dhewe. Kapitayan iku bisa diwastani kapitayan batiniyah kang cedak kelawan paham *dynamisme*.

Kapitayan-kebatinan minangka *sistem* pamahaman keTuhanan kang lelandhesan rasa percaya kanthi migunakake batiniyah. Sumber saka ajaran kasebut bisa saka ngendi wae. Sakliyane iku kapitayan-kabatinan minangka *sistem* pamahaman kerohanian kang netepake, percaya, lan ngkhayati Tuhan tanpa gayutake marang agama.

Salah sawijine bentuk pangormatan, Masyarakat Ugal-agil nyembah marang kuburan lan wit-witan kang kaanggep wingit. Kanthi cara nyadran ing papan panggonan kasebut masyarakat Ugal-agil njaluk pitulungan, berkah, lan kaslametan. Tradhisi Sadranan kalawan kapitayan masyarakat Ugal-agil nduwensi sesambungan kang raket. Ateges sadranan masyarakat Ugal-agil proses lelampahane ora uwah saka kapitayan masyarakat kang diugemi.

#### Gegayutane Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” lan Pemerintah Kabupaten Ponorogo

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kalebu tradhisi tertutup. Tradhisi kasebut kalungguhane ing donya njaba mligine kabupaten Ponorogo ora misuwur. Perangan wong tartamtu kang ngerti ngenani tradhisi sadranan iki. Pemerintah Ponorogo nganti saprene ora ora cawe-cawe ngenani tradhisi sadranan iki, kamangka saka desa Dayakan wis nglapur marang pemerintah Ponorogo yen kahanan religi masyarakat Ugal-agil kalebu sesat. Nanging pemerintah kabupaten Ponorogo ora ana tanggepan ngenanai perkara religi iki, pemerintah ponorogo mung nengenake perkara kahanan panguripan masyarakat Ugal-agil. Babagan iku kaya sing diandharake Pak Bibit minangka perangkat desa Dayakan ing ngisor iki.

*“Pemerintah Ponorogo ora enek cawe-cawene marang tradhisi wong Ugal-agil, apa neh ning masalah kegiyatyan sadranane. Ndisik nate, kira-kira tahun wingi mas, diajokne ning pemirintah pusat masalah kahanane wong Ugal-agil, tanggepane saka pemerintah pusat ya apik tapi mung masalah kesejahteraan hidup. Ning maslah agama karo kepercaya kane isih ora enek mas.”* (Bapak Bibit, 22 Mei 2013)

*“Pemrintah pusat belum ada campur tangan terhadap tradhisi masyarakat Ugal-agil, apa lagi masalah tradhisi sadranannya. Kemarin pernah, kira-kira tahun kemarin mas, diajukan ke pemerintah pusat masalah keadaan masyarakat Ugal-agil, tanggapan dari pemerintah pusat bagus, tapi hanya masalah kesejahteraan hidup. Kalau masalah agama dan kepercayaan belum ada mas”* (Bapak Bibit, 22 Mei 2013)

Perkara iki kudune bisa dadi bab kang wigatine pamerintah Ponorogo. Pamerintah kudu bisa menehi kabijakan ngenani kahanan religi masyarakat Ugal-agil

supaya ora uwah saka aturan tanpa ngilangake budhaya lan adat-istiadat kang diugemi.

### **Mula Bukane Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” ing Desa Dayakan**

Masyarakat Ugal-agil wiwitinan manggon ing papan panggonan Ugal-agil iki miturut sumber yaiku taun 1960an. Sakdurunge manggoni papan panggonan kang aran Ugal-agil mung sakelompokan wong. Kanthi cara tani utawa tetandhuran saklompokan wong iku mau urip. Ananging uripe *nomaden* utawa pindah-pindah saperlu golek papan panggoanan kang subur supaya gampang anggone tetandhuran. Sabanjure saklompok wong iku mau nemokaake papan panggonan kang subur banget yaiku ing daerah desa Dayakan. Sawetara wolung tuan saklompok wong iku ngrasakake yen papan panggonan iki penak, lemah isih subur terus, anggone golek banyu ora angel, banjur sakabehing wong iku mau sarujuk yen manggoni papan panggonan iku salawase. Ugal-agil dijupuk saka jeneng watu lonjong kang arep dijabut saperlu babat papan panggoan, nanging watu kasebut ora bisa dicabut, mung ugal-agil. Masyarakat iku banjur njenengake papan panggonan kasebut kanti aran Ugal-agil. Perlu di mangertenii sakdurunge nemokaake papan Ugal-agil, kelompok wong iki awit merantau kira-kira ing wilayah pegunungan sewu, mligini ing sakupenge wilayah kabupaten Pacitan. Kaya kang diandharake bapak Senen minangka warga Ugal-agil ing ngisor iki.

*“Tiyang miriki niku kira-kira manggoni papan Ugal-agil antawis taun sewidakaan mas. Jaman disik sakdurunge manggon kene, mung wong-wong marantu ngoten mas, tujuwane mung padhos lemah subur sing gampang ditanemi. Lajeng nemokake Ugal-agil mriki mas, merga lemahe subur, rikala biyen panggonan mriki niki dipanggoni ngantos wolong taun lemahe tesih subur. Golek toya mriki nggih gampang, mlakune mboten tebih nek badhe ten lepen. Terus sing namine mbah Bo niku kan ketua mas, sanjang ten tiyang-tiyang, piye nek umpama mangon neng kene saklawase, lajeng tiyang-tiyang saguh sedaya. Nggihpun tamtune manggen ten mriki ngantos sakniki. Nami ugal-agil niku dipendhet saking watu lonjong. Pas babat panggenan mriki, karepe niki badhe mbucal watu niki, tapi angel, mung ugal-agil ngoten mawon. Nggih pun papan mriki ten mbah Bo niki diarani Ugal-agil. Nek awite tiyang mriki niku saking pundi kula boten ngertos mas, ingkang jelas niku awit merantau niku saking gunung-gunung, mbok manawi saking wilayah Pacitan.”* (Bapak Senen, 10 Juni 2013)

“Orang disini menempati tempat ini kira-kira tahun enampuluhan jaman dahulu sebelum menempati tempat ini, orang-orang masih merantau gitu mas, tujuanya sapaya mendapat tanah subur yang gampang untuk kegiatan bercocok tanam. Kemudian menemukan ugal-agil ini mas, karean disini tanahnya subur, dahulu menempati tempat ini sampai delapan tahun tanahnya masih tetep subur. Mencari air gampang, berjalan ke sungai tidak jauh. Kemudian mbah Bo yang menjadi ketua, bicara kepada orang-orang, gimana seandainya menampati tempat ini utuk selamanya, dan kemudian orang-orang setuju. Jadi masih ditempati terus dampai saat ini. Nama ugal-agil diamabil dari sebuah batu lonjong, Ketika mau membangun tempat ini, ada batu itu yang menghalangi, kemudiyan batu itu mau dicabut, ternyata sulit cuama bergerak-gerak (ugal-agil) kemudian mbah BO menamai tempat yang dibangun ini dengan nama Ugal-agil. Cikal bakal orang disini saya tidak begitu mengerti, yang jelas pertama merantau itu dari gunung-gunung wilayah Pacitan (Bapak Senen, 10 Juni 2013)

Mula bukane tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” iki sejatiné wis dilakoni nalika masyarakat Ugal-agil durung mapan ing Ugal-agil utawa isih merantau, nanging sewetara njaluk pitulungan lan berkah saka alam. Biyen sadranan iki dilakoni nalikane arep tetandhuran. Awit wis manggon ing papan Ugal-agil sadranan iki berkembang, sing biyasne nalika tetandhuran dadi saben jemuah wage, sasi sura lan nalika masyarakat Ugal-agil lagi nandang pagebluk utawa saperangan wong kena lelara. Titikane nalika para masyarakat Ugal-agil awit manunggal kalawan alam bebrayane, ateges anatare masyarakat Ugal-agil kalawan alame bebrayane nduwensi gegayutan kang raket, gegayutan kang asipat namapa lan menehi. Rasa pangormatan iku diwujudake kanthi cara sedekah marang alam. Sakliyane iku masyarakat Ugal-agil uga nduwensi paham *animisme* utawa percaya anane dhanyangan, yaiku roh kang kaanggep njaga Ugal-agil. Masyarakat Ugal-agil ngugemi yen dhanyangan ing kana wujud saka *manifestasi* para leluhur kang wis nilarke donya. Pola pikir masyarakat Ugal-agil kang sederhana sinambungan marang *aplikasi* wujud pangormatan. Bab iku kaya kang diandharake dening Bapak senen ing ngisor iki.

*“Sadranan wonten Ugal-agil niki sakjane wis suwi dilampahi mas malah sakderenge tiyang-tiyang manggen wonten mriki. Rumiyen nyadran niku saben arep tetandhuran saperlu njaluk pitulung berkah lan berkah saka alam. Sakmenika*

*wis benten mas, awit wis urip ning kene nyadrane saya kerep, saben jemuah wage, seben kenek pageblug donyane, saben kenek lelara, karo saben sasi sura. Sebab nalika kuwi piyantun mriki ngraos nek donyane wis maringi berkahe masa boten wonten walesanipun, dados sadranan niku kagem tanda, tanda matur suwun dumateng donya.” (Bapak Senen, 10 Juni 2013)*

“Sadranan di Ugal-agil ini sudah dilaksanakan sejak dulu, bahkan sejak masyarakat belum menempati wilayah Ugal-agil. Dahulu nyadran itu dilaksanakan sebelum bercocok tanam, hal itu mempunyai tujuan meminta pertolongan dan berkah kepada alam. Saat ini sudah beda mas, ketika hidup disini nyadran semakin sering dilakukan. Setiap jumat wage, ketika terjadi bencana dunianya, setiap terkena penyakit dan setiap bulan sura.” (Bapak Senen, 10 Juni 2013).

Masyarakat Ugal-agil percaya yen ngregani marang alam donya lan iling marang para leluhur, mula ya bakal ora eman anggone weweneh, mula kanthi cara nyadran masyarakat Ugal-agil nuduhake rasa pangormatane. Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” mujudake sawijine symbol tumrap masyarakat Ugal-agil marang Gustine kang diwujudake alam donyane. Sadranan dadi sarana kango manggun rinakete tali kaluwarga ing bebrayan masyarakat Ugal-agil sebendina.

#### **Tata Rakite Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”**

Sadranan utawa nyadran minangka simbol gegayutan manungsa kalawan, Tuhan, leluhur, lan alam. Nyadran minangka pola ritual kang nyampurake budaya lokal kalawan sistem kapitayan. Tradhisi sadranan kang diugemi masyarakat Ugal-agil nduweni lelandhaesan kapitayan kang asipat batiniyah kang gegayutan marang faham dinamisme. Perlu dimangerteni kapitayan-kabatinan yaiku sistem pamahaman kerohanian kang netepake, percaya, lan ngkhayati Tuhan tanpa ngayutake marang agama. Sadranan iki minangka kagiyatan batiniyah kang nuduhake sawijine wujud ungkapan sakral saka rasa pangarasa manungsa kang ditujukake marang Tuhan (sesembahan) kanthi wujud kagiyatan wujud nyata lan wujud batin.

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” uga mujudake piranti kango ngandharake lan nuduhake samubarang kang dikarepake masyarakat kang dadi angen-angene. Kekarepan ngenani system proyeksi

yaiku menehi angen-angen kasebut bisa diweruhi saka ubarampe, lan tata lakune, lan tujuwan ditindakake tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” ing desa Dayakan.

Tujuwan kang kinandut sajronine tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” supaya sakabebe kang nyengkuyung tradhisi iku diwenehi slamet, berkah, lan diadohake saka bebaya utawa gangguan.

Sadranan Masyarakat Ugal-agil nduweni sawenehing tata cara kang rinonce adhedhasar saperangan tujuwan. Saben tujuwan nduweni tata cara kang beda antarane siji lan sijine laras kalawan kekarpen saben-saben golongan. Luwih jangkepe bakal diandharake ing tabel 4.8 ngisor iki.

**Tabel 4.8 Tata Cara Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”**

	<b>Sadranan Khajat Umum</b>	<b>Sadranan Khajat Khusus</b>
<b>Tata Laku Nyadran</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Nyepakake Piranti lan Ubarampe :</li> </ul> <p>Cok bakal, lan sesajen ritual</p> <ul style="list-style-type: none"> <li>• Resik-resik</li> <li>• Ritual Nyadran :</li> </ul> <p>Pambuka, sidikara, srabat, ngujubake panjaluk, lan panutup</p>	
<b>Jinise Ubarampe</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Cok Bakal : Endhog pitik Jawa siji, rokok ulung utawa rokok klobot, bumbon pawon kayata miri, lombok cacahe telu nganti limang iji, bawang brambang, lan jeruk pecel separo, godhong suruh cacahe telu nganti limang iji, menyan cacahe 10</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Cok Bakal : Menyan lan godhong pandan, utawa menyan karo kembang telon</li> </ul>

	iji,kembang telon putih, abang, lan kuning.	
<ul style="list-style-type: none"> <li>Sajen Ritual :</li> </ul> <p>Ingkung, endhog, sega golong, srondeng, kopi pait, sega gurih, ketan tawa, gedhang raja</p>		
<b>Wektu Sadranan</b> <ul style="list-style-type: none"> <li>Dina Jemuah Wage</li> <li>Tanggal Siji Sura</li> </ul> <ul style="list-style-type: none"> <li>Dina kang Dipetung ake</li> </ul>		

### **Sadranan Khajat Umum**

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kang asipat sadranan khajat umum, nduweni tatacara kang rinonce lan tumata. Luwih mligine bakal kaandhar ing ngisor iki.

#### Nyepakake Piranti lan Ubarampe

Bengi sadurunge tradhisi nyadran kalaksanan para warga mligine para wanita padha repot anggone gawe lan nyepakaake ubarampe kang arep diggunakake. Ubarampe kasebut kayata cok bakal, sesajen lan sesajen ritual. Luwih mligine bakal kaandhar ing bab sabanjure

#### Cok bakal

Cok bakal minangka ubarampe kang wajib nalikane nganakake ritual nyadran. Cok bakal bedha isine ing saben nindakake sadranan, gumantung jinisnyadran iku dhewe. Nyadran nalikane nduweni khajat dhewe karo nalikane dina jemuah wage utawa sasi sura bedha. Cok bakal nalkane nduwe khajat dewe isine luwih sitik.

Cok bakal sajrone tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”, umume yaiku endhog pitik Jawa siji, rokok ulung utawa rokok klobot, bumbon pawon kayata miri, lombok cacahe telu nganti limang iji, bawang brambang, lan jeruk pecel separo, godhong suruh cacahe telu nganti limang iji, menyan cacahe 10 iji, kembang telon putih, abang, lan kuning. Kaya kang diandharake bapak Senen ing ngisor iki :

*“Cok bakal niku nggih kados cok bakal sing wiwit-wiwit ngaten. Kados kembang bumbong saka godhong pandan sing diiris-iris, kembang telon nggih ijo, abang, kuning niku, ditakir niku gangsal, terus rokok ulunge setunggal, endhog*

*mentah setunggal, godhong suruh telu nganti limang lembar, lombok nggih kinten-kinten kaleh nganti telung iji, jeruk pecel saugel, brambang abang brambang putih setunggal, kembang ijo kathah niku sajene, terus dupa utawi kemenyan niku nggih kinten-kinten sedasaan iji. niku nggih sedaya kangege kawitan nyuwun ijin marang Gusti supaya diparingi slamer.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Cok bakal juga seperti cok bakal yang dulu-dulu. Seperti kembang bumbong dari daun pandan yang diris-iris. Kembang telon ya hijau, merah, kuning itu, titakir lima, lalu rokok ulungnya satu, telur mentah satu, daun sirih tiga hingga lima lembar, cabai kira-kira dua sampai tiga biji, jeruk nipis setengah, bawang merah bawang putih satu, kembang hijau banyak sekali sajennya, lalu dupa atau kemenyan kira-kira sepuluhan biji, semua untuk permulaan meminta ijin kepada Tuhan agar diberikan keslamatan.” (Bapak Senen, 14 Juni 2013)

Cok bakal ing nduwur kalebu cok bakal kang lumrah digunakake ing ritual sadranan, nanging uga ana cok bakal sakemper naging beda isi kang nduweni kagguna minangka cok bakal kanggo digunakake nalikane sadranan pribadi, utawa sadranan kang dianaake nalika saperangan masyarakat Ugal-agil nduweni khajat dhewe. Biasane cok bakal kasebut isini amung loro nganti telung jinis, yaiku menyan lan godhong pandan, utawa menyan karo kembang telon. Kaya kang diandharake marang bapak Senen ing ngisor iki.

*“Cok bakal sadranan dibagi dadhos kalih, sing cok bakal damel khajat desa lan cok bakal kagem hajat piyambakan. Bentene namung wonten isine mas. Sing kagem khajat piyambakan isine namung tigang werni, biyasane mung menyang kaliyan kembang telon, utawi menyn kaliyan godhong pandhan.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Cok bakal dibagi menjadi dua, yaitu cok bakal dalam prosesi sadranan masyarakat banyak dan pribadi, yang membedakan hanya isinya. Biasanya isi cok bakal tersebut berupa kemenyan dan kembang tiga warna, atau kemenyan dengan dua pandan.” (Bapak Senen, 14 juni 2013).

### Sesajen Ritual

Ubarampe kang arupa sesajen ritual wujude arupa panganan kayata ingkung, endhog, sega golong, srondeng, kopi pait, sega gurih, ketan tawa, gedhang raja. Sakliyane iku para warga liya kang uga padha gawa panganan dhewe-dhewe saperlu dipangan bebarengan nalika pungkase ritual nyadran. Kaya kang diaandharake marang bapak senen iki.

*"Ubarampe sing didamel saklitunene cok bakal nggih sajen mas. Isine panganan kados, ingkung ayam, endhog, sega golong, sega gurih, ketan tawa, kaliyan gedang raja"* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

"Ubarampe yang digunakan selain cok bakal yaitu sesaji mas, isinya berupa makanan seperti, ingkung ayam, telur, nasi golong, nasi udug, ketan tanpa rasa, dang pisang raja" (Bapak Senen, 14 juni 2013)

### Resik-resik

Sakwise piranti lan ubarampe wis cumepak, para warga padha budal saka omahe dhewe-dhewe menyang lokasi nyadran. Sakdurunge ritual nyadran kalaksanana para warga Ugal-agil gotong royong saperlu resik-resik papan panggonan nyadran. Lokasi kang dadi panggonan nyadran masyarakat Ugal-agil ing sawijine wit kenanga kang umure wis tuwa. Masyarakat Ugal-agil percaya yen wit kenanga iki dadi panggonan dhanyangan Ugal-agil. Wit kenangan iku uga dipercaya nduweni kekuwatan ghaib. Kaya kang diaandharake bapak Senen ing ngisor iki.

*"Injing jam sanga ngoten tiyang-tiyang sampun sami siap-siap budhal dateng panggenan nyadran. Panggenane nggih woten wit kenanga niuk. Tiyang mriki percados nekmrikuniku dhanyangane Ugal-agil"* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

"Pagi jam sembilan orang-orang sudah bersiap menuju tempat nyadran. Tempatnya di sebuah pohan kenanga. Orang disini percaya bahwa pohon kenanga itu menjadi tempat tinggal ghaib leluhur masyarakat Ugal-agil" (Bapak Senen, 14 juni 2013)

Sabanjure papan panggonan nyadran wis diresiki, para masyarakat Ugal-agil nglumpuk kanthi tumata saperlu miwiti ritual nyadran. Bab ngenani tata lakune ritual nyadran luwih mligine bakal kaandhar ing bab sabanjure.

### Ritual Nyadran

Tradhisi nyadran iki minangka ritual kang nuwuake rasa guyup rukun marang masyarakat sakupenge papan Ugal-agil amrga ritual sadranan iki minangka sarana ngibadah lan wektu kanggo ngumpul bebarengan. Adicara ritual diperang dadi lima, yaiku pambuka,sidikara, srabat, ngujubake panjaluk, lan panutup. Luwih cethane bakal kaandhar ing bab sabanjure.

### Pambuka

Pambuka sadranan iki dititik saka nyirik wektu kang ala yaiku watara jam wolu nganti jam sanga isuk lan jam siji nganti jam loro awan. Ing bab iki sadranan diawiwi kira-kira jam sepuluh isuk. Pambuka diawiti saka parintah saka sesepuh tumrap kawulane supaya khusuk anggone ibadah. Ingkenen kang mandeganiadicara sadranan yaiku pak Bejan.

### Sidikara

Adicara kaping pindo yaiku sidikara. Sidikara yaiku adicara kang tujuwané dedonga kang ditujokake marang pepunden Ugal-agil, para leluhur, lan alam. Sidikara dipimpin marang bapak bejan kang minangka sesepuh. Ing kene para masyarakat Ugal-agil kanthi khitmat ngrungokake donga lan mantra-mantra kang diujarake marang pemimpin ritual.

### Srabat

Adicara sabanjure yaiku dedonga nulak bala utawa srabat. Donga iki nduweni tujuwan sapaya masyarakat Ugal-agil diadohake saka pageblug, bencana, lan penyakit.

### Ngujubake Panjaluk

Ngujubake panjaluk minangka adicara kang nduwi tujuwan minangka sarana tumrap masyarakat Ugal-agil njaluk marang Gustine apa sing dadi pengarepane. Ngujubake panjaluk uga dipimpin dedongan kanthi khusuk. Lumrahe panjaluk kang dikarepake masyarakat Ugal-agil arupa berkah, panenan kanthi kasil kang akeh, lan njaluk tamba yen ana pawongan sing ndandang lelare.

### Panutup

Pungkase adicara ditutup kanthi saperangan tetembungan nasihat saka pemimpin tumrap para warga masyarakat Ugal-agil. Banjur diterusake mangan bebarengan. Panganan sing diagawe lan digawa para warga dipangan bebarengan. Kanthi guyube masyarakat kanthi cecaturan dhewe-dhewe nuduhake suwasana guyub rukun. Sakwise mangan bebarengan paripurna. Wong-wong bisa mbalik nerusake kegiyatán sing arep

dilakoni. Panganan panganan sing isih turah bisa digawa mulih.

Tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” nuwuhake suwasana guyup rukun marang masyarakat n Ugal-agil amrga ritual sadranan iki minangka sarana ibadah lan wektu kanggo ngumpul bebarengan. Sajroning ngibadah bisa diwastani minangka wektu kanggo ngraketake paseduluran. Tuwa, enom, lanang wadon bakal nglumpuk, nglirwaake kagiyatan kang dilakoni. Kanthi niyat kang suci kabeh nindakae tradhisi sadranan. Tatalakune adicara sadranan masyarakat Ugal-agil ing nduwur kang diandradek bapak Senen ing ngisor iki.

*“Ngeten mas tatacara nyadran niku, kaping pisan niku persiapan. Wengi saderengan nyadran niki tiyang estri sami cepak cepak damel sesajen pangan, lan ubarampe. Enjingke niku resik resik rumiyen kira kira jam sangaan. Kinten kinten jam sedasa acara diwiwiti mas. Tatacarane menika sing sepisan pembuka, pembuka niku awite mboten wanci wektu sing disirik. Inggih wektu antarane jam volu nganos jam sanga enjing, kaliyan jam setunggal ngantos jam kalih awan. Mantun niku sadikara utawi dongakaen leluhur. Lajeng srabat utawi donga nulak bala penyaki, lajeng ngjupake penjaluk istilahe donga khajate tiyang Ugal-agil. Sing pungkas inggih panutup sing isine nasihat saking sing mimpin, mantun niku mangan-mangan lajeng wangslu mas”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“ Begini mas, tradisi nyadran itu yang pertama adalah persiapan. Para wanita malam sebelumnya mempersiapkan peralatan dan keperluan tradisi sadranan atau Ubarame dan piranti. Paginya sekitar jam sembilan pagi adalah waktu untuk bersih-bersih tempat nyadran tersebut. Sekitar jam sepuluh acara ritual nyadran dimulai dengan diawali pembuka. Pembuka dilaksanakan tidak pada waktu yang dilarang, yaitu jam delapan sampai jam sembilan pagi, dan jam satu sampai jam dua siang. Sehabis itu acara sadikara atau berdoa kepada leluhur. Kemudian srabat atau doa yang bertujuan menjauhakn dari bencana. Kemudian ngjupake penjaluk atau berdoa untuk dikabulkan permintaannya masyarakat Ugal-agil. Yang terakhir adala penutup. Yang diakhiri dengan pemberian nasehat oleh pemimpin nyadran, sehabis itu acara makan-makan dan kemudian masyarakat Ugal-agil bisa meninggalkan tempat” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

Andharan ing nduwur nuduhake tatalaku lan tata carane tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kang asipat umum, ing bab sabanjure bakal kaandhar bab tradisi sadranan khusus. Luwih mligine kaandhar ing bab sabanjure.

### **Sadranan Khajat Pribadhi**

Tata cara nindakae Tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kang asipat pribadhi yaiku tradisi sadranan kang dianaake adhedasar khajat pribadhi. Khajat pribadhi tegese yaiku pangarepan khajat kang diduwensi saperangan pawongan tumrap Gustine supaya bisa kalaksanan. Tatacarane ritual tradisi kasebut seemper kalawan sadranan kang asipat umum. Sing mbedakake mung dina kapan diaanakake tradisi kasebut.

### **Makna kang Kinandut ing Tradisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”**

Makna bisa diandharake kanthi anane simbol. Simbol iku dadi pralambang lan nduwensi maneka werna makna. Kayadene tradisi sadranan uga nduwensi maneka werna makna lumantar wujud pralambang simbol. Mula saka iku, sakabehe simbol-simbol utawa makna kang bisa didudut saka panliten iki bakal diandharake ing laporan panliten iki.

Masyarakat nggunakake simbol-simbol kang digawe kanggo tanda. Simbol-simbol tartamtu arupa bab kang konkret kayata gambar utawa tulisan. Makna salah sawijining simbol ora bisa diweruhi, nanging bisa dingerten ikanthi cara nafserake. Simbol kadadeyan saka tembung-tembung, tumindak, gambar, utawa apa wae kang bisa dimaknani.

Kabudayan kadadeyan saka gagasan-gagasan, simbol-simbol, lan nilai-nilai minangka asil tumindak manungsa. Manungsa nduwensi pamikiran lan tumindak gegayutan kalawan ungkap-anungkap kang simbolis. Ungkap-anungkap kang simbolis iki ciri khase manungsa, sing cetha mbedakake saka kewan.

Simbol iku wujud sarana kanggo nyimpen lan ngungkapake makna-makna, yaiku arupa gagasan-gagasan, sikap-sikap, pertimbangan-pertimbangan, hasrat-hasrat utawa kepercayaan uga abstraksi-abstraksi saka pangalaman tartamtu sajrone bentuk kang bisa dimangerten.

Makna salah sawijining simbol ora bisa diweruhi, nanging dibutuhake kanthi cara nafserake. Simbol kadadeyan saka tembung-tembung, tumindak, gambar, utawa apa wae kang bisa dimaknani.

Saka andharan kasebut kadudut yen simbol nduwensi kalungguhan kang wigati ing kabudayan, yaiku wujud sabenere saka kabudayan lan tumindak manungsa. Dadi sakabehe simbol-simbol nduwensi

tujuwan lan maksud dhewe-dhewe supaya bisa dideleng lan dirungokake manungsa, saengga bisa mangertenii makna kang kinandut ing simbol kasebut. Simbol kang ana ing sajrone tradhisi *Sadranan Masyarakat Ugal-agil* nduweni teges kanthi pralambang kang beda-beda kanthi tujuwan supaya nduweni teges kang sabenere saben pralambange. Simbol lan makne sajroning tradhisi “*Sadranan Masyarakat Ugal-agil*” saperangan kinandut ing bab ubarampe kang kaandhar ing bab sabanjure.

### **Ubarampe Tradhisi “*Sadranan Masyarakat Ugal-agil*”**

Tradhisi “*Sadranan Masyarakat Ugal-agil*” ora bisa uwat saka aspek ritual magis utawa mistis. Diarani mangkana amarga ana sesambungan rinaket kelawanalam magis landhanyang. Tradhisi sadranan mbuthuhake piranti kanggo nyenkuyung lumakune ritual. Piranti iki uga wujud simbol kang kebak makna.

Ubarampe ing tradhisi “*Sadranan Masyarakat Ugal-agil*” jinise manekawarna lan saben ubarampe nduweni makna lan tujuwan tartamtu. Makna sajrone ubarampe kesenian tradhisi “*Sadranan Masyarakat Ugal-agil*” diandharake ing bab sabanjure.

### **Ubarampe Cok Bakal**

Cok bakal minangka ubarampe kang wajib nalikane nganakake ritual nyadran. Cok bakal utawa cikal bakal pralambang yen nindakake samubarang kudu nduweni cikal bakal. Cok bakal nalika nganakake sadranan kudu jangkep renane, yen ora jangkep bakal masyarakat Ugal-agil percaya bakal kedadean perkara kang ora apik.

Cok bakal bedha isine ing saben nindakake sadranan, gumantung jinise nydran iku dhewe. Nyadran nalikane nduweni khajat dhewe karo nalikane dina jemuuh wage utawa sasi sura bedha. Cok bakal nalkane nduwe khajat dewe isine luwih sitik. Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

“*Kekarepan saiking wontenipun cok bakal niku menapa pak ?*”

“Cok bakal utawa cikal bakal kuwi maskute lambang nek umpama badhe nglampahi napa napa kuwi kudu nduwe sangu, sangune kudu jangkep ben ora kenek alangan ning dalam. Saben nyadran kuwi benten jenise cok bakal. Karepe ngenten mas, cok bakal nalika nduweni khajat pribadi cok bakale luwih sitik, mung kembang setaman karo menyan. Bedha karo nyadran nalika dina Jemuuh Wage utawa pas sasi sura utawa sadranan kahajate wong ugal-agil, kuwi

*jumlah cok bakale luwih akeh lan kudu jangkep.* ” (Bapak Senen, 10 Juni 2013)

“Maksud dari adanya cok bakal itu apa pak ?”

“Cok bakal atau cikal bakal itu maksunya lambang saumpama menjalani sesuatu itu harus punya persiapan, persiapan itu juga harus lengkap, agar tidak terjadi halangan ketika menjalaninya. Setiap tradhisi nyadran itu berbeda jinis cok bakalnya. Maksunya begini mas, cok bakal ketika nyadran dengan keperluan pribadi berbeda dengan cok bakal yang digunakan pada sadranan kepentingan bersama. Isi cok bakal tersebut lebih sedikit, Cuma kembang setaman dan menyan. Kalau sadranan untuk kepentingan bersama cok bakalnya harus lengkap dan lebih banyak.” (Bapak Senen, 10 Juni 2013)

Cok bakal sajrone tradhisi “*Sadranan Masyarakat Ugal-agil*”, umume yaiku endhog pitik Jawa siji, kang dnuweni teges endhog minangka pralambang babit kawit tumrap manungsa. Sajroning endhog nduweni rong rupa kang mujudake sipat apik lan elek, awan lan bengi, panas lan adem, bengi lan awan, lan sakpanunggalane. Rokok ulung utawa rokok klobot, nduweni makna won urip ing alam donya kudu sesrawungan marang wong liya, dadi yen ketemu kudu aruh-aruh wong liyan. Kanthi mangkono bisa ndadekake paseduluran kang raket, rokok iki piranti sarana kanggo sesrawungan. Bumbon pawon kayata miri, lombok cacahe telu nganti limang iji, bawang brambang, lan jeruk pecel separo, bumbon pawon iku mau prlambang rasa-pangrasan urip manungsa sak durunge napak ing donya njaba, sakabehing bumbon pawon iku mau nduweni rasa lan kaggunaan dhewe-dhewe kang nglambangake pangrasan manungsa. Kayata kecut rasa jeruk, pengar rasa miri lan pedhes rasa lombok. Nanging nduweni takeran dhewe-dhewe kang ora uwat saka kakuwatan sing didiuwени manungsa. Godhong suruh cacahe telu nganti limang iji pralambang menungsa kudu andhap asor, seneng mulyakae liyan lan kudu asring weneh pitulung marang liyan, menyan cacahe 10 iji, menyan sarana anggone nyeluk lelembut ditik saka sejarane menyan nduweni kekuuwanan kang khas kang bisa dadi dalam antaraning alam kasunyatan lan alam ghaib. Kembang telon putih, abang, lan kuning kang kang nggambaraké napsu manungsa. Isi cok bakal kasebut banjur diwadhake ing takir sing digawe saka godhong gedhang awujud kotak cilik tanpa tutup. Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

“Cok bakal niku nggih kados cok bakal sing wiwit-wiwit ngaten. Kados kembang bumbong saka godhong pandan sing diiris-iris, kembang telon nggih ijo, abang, kuning niku, ditakir niku gangsal,

*terus rokok ulunge setunggal, endhog mentah setunggal, godhong suruh telu nganti limang lembar, lombok nggih kinten-kinten kaleh nganti telung iji, jeruk pecel saigel, brambang abang brambang putih setunggal, kembang ijo kathah niku sajene, terus dupa utawi kemenyan niku nggih kinten-kinten sedasaan iji.niku nggih sedaya kangge kawitan nyuwun ijin marang Gusti supaya diparingi slamet lan wujud ikthiar.” (Bapak Senen, 14 juni 2013)*

“Cok bakal juga seperti cok bakal yang dulu-dulu. Seperti kembang bumbong dari daun pandan yang diris-iris. Kembang telon ya hijau, merah, kuning itu, titikir lima, lalu rokok ulungnya satu, telur mentah satu, daun sirih tiga hingga lima lembar, cabai kira-kira dua sampai tiga biji, jeruk nipis setengah, bawang merah bawang putih satu, kembang hijau banyak sekali sajennya, lalu dupa atau kemenyan kira-kira sepuluhan biji, semua untuk permulaan meminta ijin kepada Tuhan agar diberikan keslamatan dan wujud ikhtiar.” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

Cok bakal ing nduwur kalebu cok bakal kang lumrah digunakake ing ritual sadranan, nanging uga ana cok bakal sakemper naging beda isi kang nduweni kagguna minangka cok bakal kanggo digunakake nalikane sadranan pribadhi, utawa sadranan kang dianaake nalika saperangan masyarakat Ugal-agil nduweni khajat dhewe. Biasane cok bakal kasebut isini amung loro nganti telung jinis, yaiku menyan lan godhong pandan, utawa menyan karo kembang telon. Godhong pandan nduweni makna panjangkep urip. Godhong pandhan rasane sepa nanging nalika didadekake bumbon panjangkep rasane bakal owah, yaiku tambah sedep. Kaya kang diandharake marang bapak Senen ing ngisor iki.

*“Cok bakal sadranan dibagi dadhos kalih, sing cok bakal damel khajat desa lan cok bakal kagem hajat piyambakan. Bentene namung wonten isine mas. Sing kagem khajat piyambakan isine namung tigang werni, biyasane mung menyang kaliyan kembang telon, utawi menyn kaliyan godhong pandhan.” (Bapak Senen, 14 juni 2013)*

“Cok bakal dibagi menjadi dua, yaitu cok bakal dalam prosesi sadranan masyarakat banyak dan pribadi, yang membedakan hanya isinya. Biasanya isi cok bakal tersebut berupa kemenyan dan kembang tiga warna, atau kemenyan

dengan dau pandan.” (Bapak Senen, 14 juni 2013).

Makna kang kinandut saka cok bakal yaiku wujud rasa pasrah marang sing gawe urip. Cok bakal kasebut kudu jangkep isine gumantung khajat sing arep ditidhake. Yen isi sajroning cok bakal kasebut ora jangkep, masyarakat Ugal-agil percaya yen penjaluke ora kinabul, lan bisa uga dhanyangan utawa pepundhene nesu lan bakal menehi kasengsaran tumrap masyarakat Ugal-agil.

### **Ubarampe Sesajen**

Sesajen salah sawijining ubarampe sadranan kang asipat wigati. Sesajen minangka piranti pangormatan tumrap Gusti sing gawe urip lan alam donya. Sajroning sesajen, nduweni maneka warna isi, sajroning isi sesajen kasebut nduweni makna dhewe-dhewe kang adhedasar kekarepan.Sesajen kasebut diperang dadi rong jinis luwih mlidine bakal kaandhar ing bab sabanjure.

### **Ubarampe Sesajen Asipat Tetep**

Ubarampe sesajen asipat tetep yaiku ubarampe kang wajib disediyakake tumrapdhangyan. Sesajen iki bakal didekekake ing papan panggonan kang kaangep wingit, ing kene masyarakat Ugal-agil nduweni rong panggonan kanggo nganakake tradhisi sadran, yaiuku ana ing wit kenanga, lan ana ing kuburan. Sesajen iki ditinggal ing panggonan kasebut seminggu suweni. Dititiki nalika sadranan dianaake dina jemuah wage mula sesajen kasebut diganti pendhak jemuah wage.

Ubarampe kasebut sesajen nduweni tujuwan supaya sing sing dadi pepundhen ora menehi bab kang ala tumrap panguripan masyarakat Ugal-agil. Sesajen kasebut minangka panganan tumrap dhanyangan.

Cacahe ubarampe sesajaen kasebut akeh banget, yaiku klasa, kembang suruh, rokok klobot, kendhi, menyan, lanendhog. Sakabehing sesajen ing pagelaran sandur minangka gegambaran tata uripe masyarakat. Supaya luwih cetha diandharake ing ngisor iki.

### **Klasa**

Klasa iku gelaran, pamikiran manungsa iku becike ya digelar utawa dibuka sing amaba supaya pamikiran bisa nampa kaweruhan lan ngelmu kang miggunani tumrap uripe. Pamikiran manungsa kang wis dubuka amba ora bisa yen diiseni ngelmu lan kaweruhan kanthi cepet, perlu sawijining *proses* kang mbutuhake wektu.Ya kaya klasa kang cacahe mung ana siji, bahane

saka godhong pandan kang bongkot erine dibuwang, godhong pandan sing garing banjur dianyam kanthi dadi klasa. Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Klasa niku gelaran, tegese wong kudu nduwe mbuka pikirane supaya isa nampa pengalam lan ilmu .tapi wongki nek dibukak ombo pikirane ya ora isa nek umpama langsung pinter, kan nggih tetep mbetahne wektu ya mas. Kuwi ibarate nyapo klasane kudu dugawe saka gadang pandan.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Tikar itu jika dipakai kan harus dibuka, itu menggambarkan manusia yang harus dibuka pikiranya supaya bisa menerima ilmu pengetahuan serta pengalaman hidup lainnya dengan mudah. Namun ketika manusia sudah membuka luas pemikiranya, tapi tidak bisa instan menerima ilmu pengetahuan, tetap menggunakan proses yang membutuhkan waktu. Hal itu makna dari tikar yang harus dibuat manual yang berbahan daun pandan” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

#### Kembang suruh

Kembang suruh utawa soroh jarwadhosoke nek kesusu mundak ora weruh. Kembang suruh nduweni makna yen manungsa ning alam ndonya iku kudu njaga nepsune. Cacahe godhong suruh telu nganti limang godhong.Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Kembang suruh niku nek kesusu mundak ora weruh, manungsa kudu bisa njaga nepsune piyambak-piyambak, dadose menawi wonten napa-napa ngene kedah saged njaga nepsu. Jumlahe niku nggih skitar tiga ngantos gangsal godhong amargi niku mpun tinggalan biyen.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Kembang sirih itu kalu tergesa-gesa tidak bakal tahu, manusia harus bisa menjaga nafsunya sendiri-sendiri, jadi kalau ada apa-apa bisa mengaja nafsu. Jumlahnya kira-kira tiga sampai lima daun akarena sudah warisan dulu.” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

#### Rokok klobot/ ulung

Rokok ulung nduweni teges mara kudu takon. Manungsa urip ing donya kudu bisa sesrawungan kalawan masyarakat liyane, dadi yen ketemu becike yaaruh-aruh. Kanthi mangkono bisa ndadekake paseduluran kang raket. Ing kene rokok iku ateges piranti kanggo sesrawungan. Rokok ulung digawe saka kulite jagung utawa klobot banjur diisini mbako lan

digulung karo tali, lumrahe tali lawe, yen ora ana uga bisa ditali nganggo tali rumput jepang utawa rapiyah. Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Rokok niku lak mara kudu takok, kudu takok yen ketemu wong. Rokok ulung piyambak tegese yen manungsa niku kedah tanglet napa pripun sasaesaenipun. Rokok kuwi ibarate alat sing digawe ssrawungan mas.Rokok ulung didamel saking klobot jagung digulung kalih tali, duka tali lawe napa tali rumput jepang.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Rokok pribahasanya jika bertemu hendaklah menyapa. Sebab disini rokok itu diibaratkan menjadi sebuah alat untuk membangun kekeluargaan antar manusia. Roko dibuat dari daun jagung kering yang diisi dengan tembakau dan sesudah itu ditali dengan tali lawe atau tali plastik ” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

#### Kendhi

Kendhi iku wadhalan banyu sing digawe saka lempung lan dibakar. Kendhi diisi banyu bening, lumrahe kendhi digawa kanthi dicangking tangan siji ing pucuk gulune kendhi. Kendhi nduweni makna golek ati kang bening lan resik saka banyu kang ana ing njero kendhi. Sakabehing kang ana sajrone manungsa ya kuwi apik lanala kudu disyukuri lan menawa ana nduweni kakurangan wajib didandani supaya ndadekake kabecikan ing sakabehe. Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Kendhi niku tegese supaya bisa nduweni ati kang wening utawa bening kaya banyu. Kendhi niku saking lemah isine banyu, dadose tiyang niku ya bisa bening sakattine kados banyu.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Kendhi itu artinya agar bisa mempunyai hati bening seperti air. Kendhi itu berasal dari tanah isinya air, jadi orang itu bisa bening beserta hatinya seperti air.” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

#### Kemenyan

Kemenyan minangka piranti dibakar. Piranti kang nduweni kagunan minangka dalam kang nyedhakake alam kasunyatan lan alam ghoib. Menyan nduweni teges manungsa urip ing donya dikarepake bisa anjaga lahir batine supaya jenenge apik lan wangi. Bab iku digambarake nalika kemenyan dibakar lan beluke tumuju mendhuwur, kadadeyan kasebut nggambaraké gegayutan manungsa kalawan Gusti Kang Akarya Jagad.

Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Kemenyan niku tegese dalam kanggo nyedhekake karo sing mbangun jagad, menyen niku nggih dados tandha, menawi menungsa urip niku kedahe njaga lair batine kersane wangi kadhos menyen..”*

(Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Kemennyan artinya jalan yang menjadi sarana untuk mendekatkan kepada Yang Kuasa, menyan juga merupakan tanda, manusia hidup didunia harus menjaga lahir batinya agar tetap wangi seperti menyan.” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

#### Endhog

Endhog lumrahe dipangan kanthi ana sing didadar utawa digoreng. Endhog yen dipecah bakal dadi rong bagiyan, yaiku putih lan kuning. Endhog nduweni makna yen manungsa urip ing donya, sepisanan mesthi ing kahanan suci. Teges sabanjure ndok nduweni rong rupa ing njerone iku mujudake kosokbalene urip. Kayata apik kalawan elek, awan kalawan bengi, pait kalawan legi lan liya-liyane Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Endhog niku pangganan sing lumrahe digoreng, dadi manunsa niku kedahe purun takon kalih tiyang sanes, supdos wonten sesambung kaliyan supadhos sami-sami ngertos. Putih endhog tegese suci manungsa dereng ngadhahi salah,kuning niku manungsa mesthi nduweni salah yen urip. Sakliyane niku endhog niku pratandha kosokbalene urip mas, kayata enek apik enek elek, enek awan enek bengi.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Telur makanan yang biasa disantap dengan digoreng, jadi manusia itu harusnya saling bertanya terhadap orang lain, suoaya ada hubungan dan supaya sama-sama mengerti. Putih telur artinya suci, manusia terlair tanpa salah, sedangkan yang kuning berarti manusia dikehidupanya pasti akan mempunyai salah. Selain itu, telur merupakan simbol pertentanan dikehidupan, antara lain seperti ada baik ada jahat, ada siang ada malam” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

#### Ubarampe Sesajen Ritual

Ubarampe kang arupa sesajen ritual wujude arupa panganan kayata ingkung, endhog, sega golong, srondeng, kopi pait, sega gurih, ketan tawa, gedhang raja. Ubarampe iki digunakake nalika ritual nyadran

wae. Dadi sakdurunge ritual tradhisi nyadran kawiwitan masyarakat Ugal-agil nyiapake piranti ritual kang salah sijine ubarampe iki. Supaya luwih cetha bakal diandharake ing ngisor iki.

#### Ingkung

Ingkung prlambang minangka pangorbanane manungsa nalika urip, pangorbanan minangka rasa tresna marang marang jagad lan isine. Sakliyane iku masyarakat Ugal-agil percaya yen ingkung minangka sesajen kang paling disenengi marang pepundene. Gedhe cilike ingkung dadi pangribawa tumrap khajat kang bakal dikabulake. Luwih cethane kaya kang diandharake bapak Senen ing nisor iki.

*“Ingkung tegese pagorbanane manungsa nalika urip, pagorbanan sing nduduhne rasa seneng lan matur suwin kaliyan alam donya lan isine. Ageng alite ingkung niku saget dados gampang mbotene khajat ingkang mengke dikabulne. Saya gedhe ingkunge khajate saya gampang dikabulaken.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Ingkung itu artinya pengorbanan manusia semasa hidupnya, pengorbanan yang menunjukan rasa cinta dan trimakasih terhadap alam dunia dan seisinya. Besar kecil dari ingkung tersebut jadi penentu gampang tidaknya khajat itu bakal terkabul. Semakin besar ingkung tersebut maka semakin mudah khajat tersebut dikabulkan”. (Bapak Senen, 14 juni 2013)

#### Endhog

Endhog lumrahe dipangan kanthi ana sing didadar utawa digoreng. Endhog yen dipecah bakal dadi rong bagiyan, yaiku putih lan kuning. Endhog nduweni makna yen manungsa urip ing donya, sepisanan mesthi ing kahanan suci. Teges sabanjure ndok nduweni rong rupa ing njerone iku mujudake kosokbalene urip. Kayata apik kalawan elek, awan kalawan bengi, pait kalawan legi lan liya-liyane Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Endhog niku pangganan sing lumrahe digoreng, dadi manunsa niku kedahe purun takon kalih tiyang sanes, supdos wonten sesambung kaliyan supadhos sami-sami ngertos. Putih endhog tegese suci manungsa dereng ngadhahi salah,kuning niku manungsa mesthi nduweni salah yen urip. Sakliyane niku endhog niku pratandha kosokbalene urip mas, kayata enek apik enek elek,*

*enek awan enek beng.” (Bapak Senen, 14 juni 2013)*

“Telur makanan yang biasa disantap dengan digoreng, jadi manusia itu harusnya saling bertanya terhadap orang lain, suoaya ada hubungan dan supaya sama-sama mengerti. Putih telur artinya suci, manusia terlair tanpa salah, sedangkan yang kuning berarti manusia dikehidupanya pasti akan mempunyai salah. Selain itu, telur merupakan simbol perttentanan dikehidupan, antara lain seperti ada baik ada jahat, ada siang ada malam” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

### Srondeng

Srondeng minangka piranti kanggo nglancarake panjaluk. Srondeng mglambangake ambyare barang kang sadurunge siji kanthi tujuwan nyukupi wong akeh. Srondeng iku asale saka kambil kang diparut di bumboni banjur digoreng. Tujuwane kanggo lawuh. Cacahe srondeng ora bakal sitik mesti dadi akeh. Bab iku bisa diwastani yen srondeng minangka pangadume berkah kang wis diwenehi marang Gusti kang mbangun Jagad. Kaya sing diandharake dening bapak Senen ing ngisor iki.

*“Srondeng niku piranti kanggo nglancarake panjaluk. Tegese ngeten, srondeng niku ibarat berkah mas, sing diendum marang wong akeh. Asale srondeng niku saking parutan kambil sing dikeki bumbu lajeng di goreng. Niku dadi ibarat berkah niku wau” (Bapak Senen, 14 juni 2013)*

“Srondeng itu alat untuk memperlancar permintaan. Artinya begini, srondeng itu ibarat sebuah berkah yang dibagi kepada orang banyak. Asal dari serondeng itu adalah parutan kelapa yang diberi bumbu dan di goreng, itulah penggambaran berkah tersebut” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

### Kopi pait

Kopi pait ateges piranti pangiket paseduluran. Kopi minangka toya kang digunakake kanggo suguhan ing seben dinan. Pait rasane kopi amarga sajrone paseduluran iku ora mesti ngrasane legi utawa ngrasakake penak terus, mesti kadang kala uga ngrasake paite paseduluran. Minangka menugsa kang nduweni pangejen tumrap wong liya yagene ora dadi perkara yen kelaran ngrap, sing wigati ora nglarani wong liyan. Kaya kang diandharake bapak Senen ing ngisor iki.

*“Kopi Pait negesne yen kopi niku suguhan damel ngraketne paseduluran*

*mas. Saking kopi lumrahe saget damel cedak sinten mawon. Rasa kopi pait niku nglambangane paseduluran niku mboten mesti penak terus mas, mesti wonten mboten sekecane. Manungsa niku kan luwih becik kelaran timbang nglarani tiyang sanes” (Bapak Senen, 14 juni 2013)*

“Kopi pait menekankan bahwa kopi merupakan sarana untuk memper erat tali persaudaraan. Dari kopi semestinya bisa memperat tali persaudaraan siapa saja. Rasa kopi pait tersebut melambangkan bilamana pasaudaraan itu, tidak selalu baik-baik saja, tatkala juga terjadi keretakan. Manusia itu lebih becik menyakiti dirinya sendiri dari pada melihat orang lain tersakiti” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

### Sega golong

Sega golong minangka sega putih kang dibentuk dadi bunder-bunder, cacahe ana papat bunderan. Carane masak yaiku kayadene masak sega putih banjur diwangun saceplok-ceplok kaya bal cilik. Sega golong nduweni makna yen manungsa urip ana ing donya sing awujud bunder kayata roda sing muter. Manungsa yen ana ing ndhuwur angin bungah lan nduweni pangkat dhuwur kudu eling yen mbesuk sapa ngerti bisa dadi ana ing ngisor, lan sawalike uga. Mula saka iku, saben wektu manungsa kudu eling marang Mbangun Jagad. Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Sego golong niku sega dibentuk bunder cacahe sekawan, niku kok sekawan kenging napa, amarga adate saking riyen nggih niku mas. Nek maknane niku nggih manungsa mesti ora mung seneng nanging ana susahe amarga donya mlaku muter. Dadose niku ibarat donya kang muter niku kados roda sing muter niku.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Nasi golong itu nasi dibentuk jumlahnya empat, empat kenapa, karena adatnya dari dulu itu mas. Jika maknanya itu ya manusia pasti tidak hanya senang tapi juga ada susahnya karena dunia berjalan berputar. Jadi ibaratnya dunia berputar seperti roda yang berputar.” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

### Sega Gurih

SegaGurihiku sega saka beras putih kang dimasak karo santen. Segagurih nduweni makan yen pengin ayem urip ing alam donya becike kudu sedekah. Beras kang dadi asale sega gurih minangka

gegambarane pangorbanane manugsa kanthi migunakake asil alam sing minangka panganan pokok. Gurih minangka rasa saka sega gurih, pralambang rasa pangrasa manungsa kang gathuk kalawan pamikiran sing ayem. Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing bab sabanjure.

*“Sega gurih niku kados sega putih biasa sing dimasak kaliyan santen, niku ngadhabahi makna yen pengen uripe ayem ning alam donya becike niku nggih sedekah asil bumine.”* (Bapak Senen, 14 juni 2013)

“Nasi uduk itu seperti nasi putih biasa yang dimasak dengan santan, yang mempunyai makna, jika pengen hidum tentram di dunia maka bersedekahlah dengan hasil bumimu .” (Bapak Senen, 14 juni 2013)

#### Ketan tawa

Ketan tawa iku ketan kang dimasak kanthi tawa utawa tawar, dadi rasane ketan iku uga kaya sega putih lumrahe. Carane nggawe yaiku beras kang wis dimasak dicampur santen, ora perlu diwenehi uyah. Bedane karo ketan kang lumrah, yen ketan tawa ora nggunakake uyah, yen ketan kang lumrah nggunakake uyah. Ketan tawa nduweni makna yen manungsa kudu bisa nduweni sipat kangora mbedak-mbedakake saengga bisa nyalarasake uripe kalawan wong liyan. Minangka makhluk sosial kita kudu bisa nyalarasake dhiri supaya bisa urip rukun ing bebrayan.Bab kasebut kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Ketan tawa niku kados ketan biasa nanging boten damel uyah. La maknane ketan tawa niku, maungsa kudu nduweni sipat netral yen urip bebrayan”* (Bapak Senen 14 juni 2013)

“Katen tawa itu seperti ketan biasa tapi tidak memakai garam. La maknanya ketan tawa itu, manusia harus mempunyai sifat netraljika hidup bermasyarakat” (Bapak Senen 14 juni 2013)

#### Gedhang raja

Gedhang raja iku gedhang kang lumrahe wernane ijo yen mentah lan kuning mentah yen wis mateng. Wujud gedhang raja kawangan lonjong-lonjong. Rasane gedhang raja dibandhingake gedhang liyane yaiku legi wanggi, tegese legi sing tenan utawa legi nylekit. nduweni makna yen sepisan manungsa lair diwenehi gedhang. Gedhang raja nduweni makna yen wong tuwa mesthi bakal menehi donga kanggo anake, supaya mbesuk anake bisa tuwuhan dadi raja utawa pamimpin kang migunani. Bab iku kaya kang diandharake Bapak Senen ing ngisor iki.

*“Gedhang raja niku gedhang sing legi wanggi, legine tenan. Maknane niku yen wong tuwa menehi donga kanggo anak-anake supaya bisa dadi raja utawa pamimpin kang migunani kanggo awake dhewe lan wong liyane”*(Bapak Senen 14 juni 2013)

“Pisang raja itu pisang yang manis wanggi, manis sabenernya. Maknanya itu jika orang tua memberikan doa untuk anak-anaknya agar bisa menjadi raja atau pemimpin yang berguna untuk dirinya sendiri dan orang lain” (Bapak Senen 14 juni 2013)

#### **Wektu Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil”**

Wektu minangka salah sijine bab kang wigati tumrap bebrayan jawa. Ateges wektu minangka bab kang duweni pangribawa gedhe tumrap panguripane masyarakat jawa. Sebab sajroning wektu kasebut nduweni makna lan teges dhewe-dhewe kang gegayutan kalawan petungan jawa kang ngemu petungan apik lan elek.

Wektu kapan dianaake tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil minangka wektu kang miturut kapitayan masyarakat Ugal-agil minagka wektu kang sakral. Lumrahe tradhisi sadranan iki dianake saben jemuuh wage lan saben sasi sura. Naging sakliyane iku ana nyadran kang dilokoni kanthi tujuwan utawa khajat pribadi kang migunakake wektu liya. Anggone nemtokake waktu nganakake tradhisi kasebut wis dadi pritungan njlimet. Supaya luwih gamblang lan mligine bakal kaandhar ing bab sabanjure.

#### Dina Jemuah Wage

Dina jemuah waget minagka waktu dianaake tradhisi sadranan kang asipat wajib. Dina kasebut dipilih dadi dina wajib dianaake tradhisi sadranan adedhasar petungan saka leluhur masyarakat Ugal-agil. Kaya kang di andharake bapak Bejan ing ngisor iki.

*“Nyadran dinten jemuah wage niku sampun dadi itungane mbah-mbah rumiyen mas. Dinten jemuah wage niku sampun dados keawjian nglampahi sadranan niki”* (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)

“Nyadran Hari Jumat wage ini sudah menjadi perhitungan mbah-mbah dahulu mas. Hari jumat wage itu sudah jadi kewajiban melaksanakan tradhisi sadranan” (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)

Sajrone dina jemuah wage kasebut, miturut bapak Bejan uga nduweni teges tartamu kang adedasar petungane. Miturut wateke dina jemuah kalebu dina suci, yen wage wateke ati kaku. Ateges ora apik yen dilakoni kanggo makarya lan lelungan. Yen arep makarya utawa golek sandang pangan petungane ora oleh mlaku ngulon kamangka panggon sawah lan alas sing biyasa gawe golek sandang pangan panggone ana ing sisih kulon. Yen arep lelungan miturut neptune dina jemuah wage kang jumlah telulas ora ngolehi mlaku tumuju ngalor, kamangka yen arep menyang pasar utawa menyang Dayakan dalane iku nglor. Bab iki mau bisa dimangertenin yen jemuah wage iku becike dina kang apik kanggo ngibadah tumrap petungane masyarakat Ugal-agil. Kaya kang diandharake dening bapak Bejan ing ngisor iki.

*“Umpami manut petungane ngeten mas, ditingali saking sipate jemuah niku gadah sipat kang suci, lan wage niku gadah sipat atine kaku. Tegese dinten niku mboten sae kagem kerja kaliyan lelungan. Saene amung kagem ngibadah utawa nyadran niku wau. Gamblange ngeten mas. Dinten jemuah niku umpami padhos sandang pangan niku pantangane mlampah ngulon, lha sawahe tiyang mriki niku wonten sisih kulon. Kan nggih ajrih ta mas. Pasaran wage kaliyan jemuah niku petungan neptune telulas, ateges mboten angsal lelungan ngalor, Kamangaka dalam menyang pasar kaliyan ten Dayakan niku ngaler. Nek bedhe nyadran niku kira-kira jam woluwu ngtos jam sanga injing lan jam setunggal ngantos jam kalih siang niku kedah disirik, amargi mboten sae” (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)*

“Seumpama menurut perhitungannya begini mas, dilihat dari perhitungannya jumaat itu mempunyai sipat suci dan pasaran wage itu bersifat keras hati. Artinya begini, hari tersebut tidak boleh melakukan kegiatan dan tidak boleh berpergian. Baiknya hanya untuk beribadah atau nyadran itu. Penjelasannya seperti ini. Hari jumat seumpama mencari pekerjaan itu pantangannya untuk tidak boleh berjalan ke arah barat. Padahal sawah orang sini itu berada di barat. Saya kang jadi takut mas. Pasaran wage dan hari jumat itu jumlah perhitungan neptu tigabelas yang artinya tidak memperbolehkan untuk berpergian ke arah utara. Sedengkarnya arah pasar dan Dayakan itu arahnya ke utara. Jika melaksanakan ritual nyadran jangan melakukannya antra jam

delapan sampai jam sembilan pagi dan jam satu sampai jam dua siang” (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)

Tradhisi sadranan kasebut bisa dianaakae jam pira wae, sing wigati ora oleh sawetra jam woluwu nganti jam sanga isuk lan jam siji nagnti jam loro awan, merga iku dadi wektu kang disirik. Ateges bakal oleh pengapesan yen dilakoni. Sabanjure bakal ngrambag ngenani dina tanggal siji sura, supaya luwih gamblang lan mligine bakal diandharake ing bab sabanjure.

#### Tanggal Siji Sura

Sakliyane dina jemuah wage minangka dina kang wajib tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” masyarakat Ugal-agil uga nduweni dina kang asipat sakral anggone nganaake tradhisi sadranan kasebut. Yaiku ing tanggal siji sura. Ora mung masyarakat Ugal-agil tumrap bebrayan jawa liyane tanggal siji sura uga dadi dina kang wigati, dina kang kebak nile sakaral, lan uga nduweni daya pangribawa tumrap panguripan manungsa jawa.

Masyarakat Ugal-agil percaya yen tanggal siji sura minagka kawitane alam donya lan isine. Mula saka iku dina sadurunge tanggal siji sura saperangan masyarakat Ugal-agil mligine para sesepuh lan pawongan kang wis dhewasa padha reresik dhiri knthi tirakatan. Kaya sing diandaraake bapak Bejan ing ngisor iki.

*“Nindhakake nyadran tanggal siji sura niku penting banget mas, tanggal siji sura niku dinten suci, dinten wingit sanget. Tiyang mriki percados nek tanggal setunggal sura niku tanggal kawitane alam donya sakisine. Sakderenge nglampahi nyadran biasane tiyang mriki tirakatan rumiyen, tapi mung sing sepuh-sepuh kaliyan sing sampun ageng ngoton” (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)*

“Melakukan tradhisi sadranan tanggal satu sura itu sangat penting mas, tanggal satu sara itu merupakan hari suci, dan hari sangat penting. Orang disini percaya bahwa tanggal satu sura merupakan hari dimana dunia seisinya diciptakan. Sebelum melaksanakan sadranan, biasanya orang sini melakukan kegiatan tirakatan terlebih dahulu. Tapi hanya sesepuh dan orang dewasa saja” (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)

Saka andharan ing nduwur nuduhake yen masyarakat Ugal-agil uga ngugemi lan menehi pangormatan marang tanggal saiji sura kanthi wigati. Bab sabanjure ngrembag ngenani diana kang dipetungake. Supaya luwih mangerteni nganani bab kasebut, bakal kaandhar ing bab sabanjure.

#### Dina kang Dipetungake

Saben perangan masyarakat Ugal-agil kadang kala nduwensi perkara utawa pengen medharake rasa-pangrasane tumrap Gustine. Perkara kang asipat pribadi utawa perkara kang nduwensi gegayutan kalawan panguripan sabendinane, kayata perkara pangupajiwa, kaluwarga, lan sapanunggale. Perkara kasebut samestine ora bisa yen dirampungake kanthi cara bebarengan. Mula kanthi cara medharake panjaluk tumrap gustine kanthi nyadran mula bisa dadi obat marang perkara pribadhi.

Tradhisi sadranan iki ora mung dianakake ing dina-dina kang asipat wajib, kaya kang ing diandharake ing bab sadurunge. Nanging uga ing dina-dina kang asipat khusus, ateges dina iki dipetungake nalikane arap nganaake sadranan. Kaya kang di andharake bapak bejan in ngisor iki.

*“Nyadran niku inggih angsal dilakoni piyambakaan, biyasane tiyang –tiyang niku gadah panyuwunan piyambak. Bentenen namung wonten dinane mas nek kaliyan nyadran biasane. Dintene inggih kedhah wonten petunge”* (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)

“Nyadran itu bisa dilakukan oleh perseorangan. Biasanya orang-orang itu punya hajat, atau permintaan sendiri. Perbedaannya hanya dalam hal hari dari jika dengan ritual nyadran pada umumnya. Harinya harus menggunakan perhitungan terlebih dahulu” (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)

Petungan kang diggunakake masyarakat Ugal-agil yaiku petungan jawa, kaya umume. Petungan kang gayutake atarane dina, sasi, pasaran, mangsa, pawukon. Petungan kasebut nduwensi tujuwan nalika nindakaake ritual nyadran supaya ora ana alangan lan dikabulaake hajate.

#### **Fungsi Tradhisi “ Sadranan Masyarakat Ugal-agil”**

Saben tradhisi mesthi nduwensi fungsi kanggo masyarakat, kabeh iku gumantung saka masyarakat kang ngrasakake tradhisi kasebut. Fungsi-fungsi kasebut bakal narik kawigatene masyarakat supaya tetep ngugemi lan nglestarekake tradhisi kasebut. Kayadene tradhisi *“Sadranan Masyarakat Ugal-agil”* kang wis dadi

tradhisine masyarakat Ugal-agil ing desa Dayakan nduwensi fungsi kanggo masyarakat kang ana ing papan panggonan kasebut. Sing paling mligi, fungsi tradhisi sadranan kasebut yaiku minangka alat ngibadah. Nanging uga ana fungsi-fungsi sajroning tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” adhedasar fungsi foklor

Bascom (sajrone Danandjaja, 1984:191), merang fungsi adhedhasar foklor dadi papat, yaiku 1) minangka sistem proyeksi, yaiku minangka sarana kaca benggalaning angen-angen, 2) sarana pengesahan pranata-pranata lan lembaga kabudayan, 3) sarana pendhidhikan, lan 4) minangka piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya aturan bebrayan tetep bisa diugemi. Kapapat piguna kang diandharake mung loro kang trep, yaiku 1) minangka sistem proyeksi, yaiku minangka sarana kaca benggalaning angen-angen, lan 2) sarana pendhidhikan.

Saliyane iku uga digunakake fungsine Dundes (sajrone Sudikan, 2001:100), yaiku 1) kanggo rasa solidaritas kolektif, 2) menehi salah awijining bab kang dibenerake dening masyarakat, 3) menehi cara kang dibenerake dening masyarakat supaya bisa ngandani wong liya, 4) minangka alat kanggo mrotes adil lan ora ing sajrone masyarakat, lan 5) menehi cara kang ngesemake saka donya .Kalima piguna kang uga diandharake mung siji, yaiku minangka kanggo nguwatake pangrasa solidaritas kolektif ananging fungsi kasebut saemper kalawan sistem proyeksi, mligine nuwuhaake rasa guyub rukan antar masyarakat.

Fungsi saka tradhisi “ Sadranan Masyarakat Ugal-agil” kaperang dadi telung fungsi yaiku, 1) Sistem proyeksi, 2) Sarana pendhidhikan. Supaya luwih gamblange bakal kaandhar ing bab sabanjure

#### **Sistim Proyeksi**

Sistem proyeksi minangka sarana kaca benggalaning angen-angen saka salah sawijining masyarakat.Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” mujudake piranti kanggo ngandharake lan nuduhake samubarang kang dikarepake masyarakat kang dadi angen-angene. Kekarepan ngenani system proyeksi yaiku menehi angen-angen kasebut bisa diweruhi saka ubarampe lan tatalakuning, lan tujuwan ditindakake tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” ing desa Dayakan.

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” nduwensi tujuwan supaya sakabehing kang nyengkuyung tradhisi iku diwenehi slamet, berkah, lan diadohake saka bebaya utawa gangguan.

#### **Sarana Pendhidhikan**

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” nduwensi simbol-simbol kang ngemu nile budaya kang didadekake pangulawentah ngenani patuladhan urip kang sinambungan marang alam donya lang Tuhan. Nile

kasebut bisa kadeleng saka tata laku, niyat, ubarampe lan wektu. Nile-nile kasebut ngandhut unsur pendhidhikan kang nduweni tujuwan kanggo pasinaon urip becik ing alam donya, mligini ana ing papa Ugal-agil. Tuladhane kang minangka sarana pendhidhikan yaiku:

### **Mujudake Rasa Guyub Rukun Antar Masyarakat**

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” nuwuhake rasa guyup rukun marang masyarakat sakupenge papan Ugal-agil amrga ritual sadranan iki minangka sarana ibadah lan wektu kanggo ngumpul bebarengan.

Sajroning ngibadah bisa diwastani minangka wektu kanggo ngraketake paseduluran. Tuwa, enom, lanang wadon bakal nglumpuk, nglirwaake kagiyatan kang dilakoni. Kanthi niyat kang suci kabeh nindakae tradhisi sadranan.

Bab ing nduwur cunduk kalawan andharan bapak Bejan ing ngisor iki. kang bisa didudut yen sadranan iki dadiadicara kang nuwuhake rasa paseduluran kang raket.

*“Wayah Nyadran padha karo wayahipun kumpul bebarengan, wonten adicara niki rasa paseduluran antare piyantun mriki ketawis akur banget. Saking nyadran wiwit sedaya sami khusuk”* (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)

“Saat nyadran sama dengan waktu diman semua orang berkumpul bersama. Dalam acara ini terbentuk tali persaudaraan yang sangat kuat. Dari ritual nyadran ini dari pertama dimulai semua sudah pada kusuk” (Bapak Bejan, 15 Juni 2013)

### **Mujudake gotong royong utawa kerja sama**

Gotong royong utawa kerja sama mujudake sawijining kegiyatan kang ditindakake bebarengan kanthi bisa luwih cepet anggone ngrampungake kegiyatan utawa pakaryan mau. Manungsa urip ing donya ora mung urip dhewe, nanging ana manungsa liyane kang bisa menehi bantuwan. Mula saka iku, manungsa diarani makhluk sosial, dadi ora bisa ngadeg dhewe tanpa bantuwan wong liya.

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” gegayutan kalawan nile gotong royong masyarakat Ugal-agil sajrone nyepakake piranti lan sakabehing ubarampe kanggo nganaake tradhisi sadranan. Awit saka nyepakaake ubarampe kang asipat panganan dilakoni para wanita, yen asipat piranti dilakoni para piya. Nalika adicara arap diwiwi para warga padha gotong royong beberangan tumuju papan panggonan nyadran gawa piranti lan ubarampe kang digunakake. Anane kahanan kasebut nggambaraké wujud gotong royong masyarakat sakiwa tengene, amarga babagan iki ora bisa dicekel wong siji.dadi kudu

ditandangi bebarengan. Pungkasane masyarakat uga bisa ngrasakake asile, kabeh bisa nyadran kanthi rasa khitmat dibarengi karo rasa sakral

### **PANUTUP**

Ana awitan mesti ana pungkasan kuwi wis dadi pepestene hukum ing alam donya. Semana uga ana ing laporan paneliten iki kang duweni panutup amarga nduweni pambuka. Sajroning panutup ngemu rong bab kang wigati yaiku dudutan lan pramayoga. Tujuwan diwenehi dudutan lan pramayoga yaiku ndudut sakabehing asil saka panliten saka ngarep tumuju mburi lan uga njaluk pramyoaga kepriye becike asile panliten tumrap para pamaos supaya isa menehi paedah kang miggunani tumrap paneliti lan paneliti liyane. Andharane ing ngisor iki.

### **Dudutan**

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” minangka tradhisi nyadran kang duduweni masyarakat kang nyebut kelompok masyarakat Ugal-agil kang ana ing Dusun Jurang Sempu Desa Dayakan Kecamatan Badegan Ponorogo.

Panggonan kang terisolir, ateges adoh saka masyarakat liyane lan adoh saka modernisasi jaman kang dadi mula bukane kahanan ksebut. Kelompok masyarakat Ugal-agil isih nyembah panggonan kang kaanggep wingit lan kaanggep dadi pepundene.

Tradhisi sadranan kang diugemi marang masyarakat Ugal-agil nduweni lelndhaesan kapitayan kang asipat batiniyah. Kapitayan kasbut uga diwastani kapityan kang nduweni unsur animisme dinamisme. Perlu dimangerteni kapitayan-kabatinan yaiku sistem pamahaman kerohanian kang netepake, percaya, lanngkhayatiTuhanTanpangayutakemarang agama.

Sadranan iki minangka kagiyatan batiniyah kang nuduhake sawijine wujud ungkapna sakral saka rasa pangarasa manungsa kang ditujukake marang Tuhan (sesembahan) kanthi wujud kagiyatan wujud nyata lan wujud batin.

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” dibedakake dadi rong jinis yaiku sadranan kang asipat khusus lan asipat umum. Saka kelorone jinis sadranan kasebut ora akeh sing dadi pambeda. Mung ing bab ubarampe mligine cok bakal lan dina nindakake sadranan kang kudu dipetungake.

Saka pangribawa kahanan sosial lan sistem religi masyarakat Ugal-agil mujudaake tradhisi nyadran kang nduweni sawijine ciri khas lan fungsi kang wigati tumrap masyarakat Ugal-agil. Mligine ing bab panggulawentah tumrap para generasi sabanjure. Panggulawentah ing babakan nile adiluhung kapitayan marang sesembahan (Tuhan), rasa matur suwun marang

alam kang wis menehi berkah, lan dadi panggulawentah ngenani urip bebrayan kanthi njaga rinakete paseduluran.

### Pamrạyoga

Tradhisi “Sadranan Masyarakat Ugal-agil” minangkasalahsawijingtradhisi kang nduweni ciri khas. Senajan sajrone tradhisi iki ngandhut bab kang mrihatenake. Bab kasebut ngenani masyarakat Ugal-agil nganti saprene isih ngugemi kapitayan kang bisa diarani *sesat*. Yen didelak saka kacamata budaya tradhisi kasebut kudu tansah diuri-uri, nanging yen didelok saka kacamata sosial bakal nuwuhake rasa kang mrihatiake. Mula saka iku panulis nduweni pangarep-arap kan diandharake ing ngisor iki.

Pangarep-arep sing sepisan ditujokake marang pamaos paneliten iki suapaya menehi tanggapan ngenani kahanan saka objek paneliten iki. Tanggepan bisa arupa apa wae, sing wigati asipat daya pangribawa wujud *tindakan tumrap objek panliten iki*.

Sing kapindo tumrap para paneliti kang tembe bakal nliti kanthi objek kang padha. Supaya bisa nliti kanthi mligi ngantri ing punjer *sistem* panguripaning objek. Amarga kanthi nglakoni iku bakal dadi sawijining paneliten kang apik banget.

Sing pungkasan panulis uga nduweni pangareparep kanggo panlitenk abudayan liyane supaya bias menehi asil panliten kang bias ndadékake pamaos rumangsa wigati tumrap panliten-panliten kabudayan liyane. Saengga bias ndadékake pamaos supaya gelem nguri-uri lan nglestarekake warisan kabudayan kang ana ing sakiwa tengene masyarakat.

### KAPUSTAKAN

- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: RinekeCipta  
Danandjaja, James. 1984. *Foklor Indonesia*. Jakarta: PustakaUtamaGrafiti  
Chifford, Geertz. 1983. *Abangan, Santri, Piyayidalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: PT Pustaka Jaya  
Endraswara, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Med Press

- Herusatoto, Budiono. 2005. *Simbolisme dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: HaninditaGrahaWidia  
Koentjaraningrat. 1981. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Gramedia  
Koentjaraningrat. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT RinekaCipta  
Koentjaraningrat. 2005. *PengantarAntropologi*. Jakarta: PT RinekaCipta  
Koentjaraningrat. 2000. *BungaRampai: Kebudayaan Mentalis, dan Pembangunan*. Jakarta: GramediaPustakaUtama  
Kuntjara, Esther. 2006. *Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Graha ilmu  
Kuntowijoyo. 1987. *Kebudayadan Masyarakat*. Yogyakarta: PT TiaraWacanaYogya  
Kusumohamidjojo, Budiono. 2009. *Filsafat Kebudayan*. Bandung: Jalasutra  
Moeliono, Anton M. 1989. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: BalaiPustaka  
Moleong, Lexi J. 2002. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. RemajaRosdakarya  
Sudikan, SetyaYuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Citra Wacana  
Suryono, Djoko. 2008. *Sesosok Nilai Budaya Jawa*. Malang: Aditya Media Publishing  
Widayat, Sri WahyulanSuwarni. 2005. *Bahan Ajar Dasar-Dasar Upacara Adat*. Surabaya: Unesa